

**УÆРЦЦÆ ДОНМÆ НÆ ЦУДÆЙ, КÆСАЛГÆ БА СОРЗÆНХÆМÆ, ÆМА ЛИМÆНÆЙ ЦАРДÆНЦÆ!..**

***Рагонкитайаг трактат «Гуань Инь-цзы»-æй: «Е 'мбал кæсæлгити хузæн ун ке нæ фæффæндуй, е æхе рагæлдзуй билæмæ æма рамæлуй. Е 'мбал тигрти хузæн ун ке нæ фæффæндуй, е хуæнхтæй сахармæ æрцæуй æма уоми къæлетки бахауй. Зундгин иннæ адæмæй нецæмæй хецæн кæнуй, уомæ гæсгæ ин æ размæ цæлхдортæ æвæрæн нæййес...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№33 (858) 2022 анзи 27 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


# А ДУЙНЕБÆЛ ДЕССАГДÆР АМОНД – АЛКÆД РÆСТУОДÆЙ ЦÆРУН!..



Нæ номдзуд ахургонд **Дзарасти Сафарбийи фурт Солтан** хъæбæр сæрустурæй кæддæр уотæ загъта: «Киристонгъæу алкæддæр уæлдай цæмæдесагдæр адтæй еу гъуддагæй: Уæрæсей еумæйаг цардарæзтадæмæ ракодта, æ цæргути нимæдзæ цæйбæрцæ 'й, уой хинцгæй æгæрон берæ искурдиадæгин адæм. Етæ ниуууагътонцæ нæ бæсти æхсæнадон царди алли къабæзти анзфинстити зингæ фæд. Уой туххæй фагæ æй айдагъ уой дæр зæгъун, æма нæ бæсти сæйрагдæр уæлдæр ахургæнæндони – Мæскуй Михаил Ломоносови номбæл паддзахадон университети евгъуд æноси райдайæни Киристонгъæуæй рацæугутæй куста æнæгъæнæ цуппар профессори, æма уой дæр, сæ зонадон кусти уæзæ айдагъ нæ Фидибæстæн нæ, фал дуйнеуон науки дæр хъæбæр устур кæмæн адтæй, уæхæнттæ: **Кокити Александри фурт Геуæрги** (ССР Цæдеси истори), **Цæголти Александри фурт Николай** (политикон экономи), **Гарданти Амурхани фурт Батраз** (этнографи), **Къесати Г.М.** (латинаг æвзаг). Устур зонундзийнæдти хецæуттæ угæй, уонæн бæрзонд аргъ кодтонцæ се 'мкосгутæ. Алкæддæр хуæрзцæттæ, хуæрзарæхстгин угæй, еци киристонгъæуккæгтæ сæхемæ здахиуонцæ устур æргом...»

Дзарасти Солтани аци зæрдтагон загъд комкоммæ хауй ма Киристонгъæуæй (нуртæккæ – сахар Дигора) рацæуæг берæ адæймæгутæмæ. Уони æхсæн зингæ бæрæг даруй **Сæбанти Михаили фурт Барис**. Академик, экономикон наукити доктор, профессор, зингæ ахургонд æма искурдиадæгин гъомбæлгæнæг.Исон, 28 августи ибæл æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн æма Сæбани-фурти туххæй æрмæг ба кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 67 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

## АХСГИАГ ЦАУ

## КИРИСТОН ДИНИ КЪАМИСИ АРХАЙД ЦÆГАТ ИРИСТОНИ

Дини ирон къамис архайдта 1742-1860-аг æнзти, æма æ архайди хабæрттæ сæ зонадон-практикон ахедундзийнадæй ахсгиаг æнцæ уæди рæстæгути социалон-экономикон æма æхсæнадон-политикон цардарæзти хецæндзийнæдтæ бæлвурддæрæй базонунæн.

Иристони дини къамис исаразуни фæндæ исæвзурдæй 1742 анзи, аразгæ ба 'й искодтонцæ 1744 анзи. Цæй туххæй фæззиндтæй аци къамис, циуавæр ихæстæ лæудтæй æ размæ, уой фæдбæл æй нæ абони цубур рафæлгæст.

Къамиси исарæзти сæйрагдæр разæууæлтæ адтæнцæ уæхæнттæ: Уæрæсей капитализми экстенсивон ирæзт, паддзахи тугъдмондаг æндагон политикæ, æ агъазиау тугъдон æма дипломатон тухтæ, Петр I фæсте дин æма аргъауæн иссæнцæ хуæдхуæцæг паддзахади мæцъестæ, XVIII æноси дуккаг æмбеси фæззиндтæй Сауденгизон-Каспийаг фарста æма уомæ гæсгæ ба исæвзурдæй æндæр гъуддаг, гъома, уруссаг-ирон бастдзийнæдти уавæр. Куд зонæн, уотемæй Уæрæсе XVII æноси кæрони æрлæудтæй капиталистон ирæзти надбæл. Æма устур æнтæститæ бафтудæй æ къохи, æнос æма æрдæгмæ иссæй хъаурæгин паддзахадæ. Æстдæсæймаг æноси дæргъи æма нæудæсæймаг æноси фиццаг æрдæги Уæрæсе урухдæр æма федардæр кодта æ арæнтæ. Еци ахсгиаг гъуддагæн ба æ аргъ адтæй уæхæн: тугъдтитæ æма, «сабур» мадзæлттæ ке хонунцæ, етæ – дипломати, дин парахат кæнун æма уотæ идарддæр.

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ


Царди айдæнæ

Идарддæр æнхæстгонд цæуй нæ сæрмагонд проект «Царди айдæнæ». Абониккон номери кæсетæ æ æхсæзæймаг рауагъд – мухур си кæнæн аллихузон культурон-рохсадон æрмæгутæ, нæ литературæ æма аййевади зундгонд архайгути туххæй уацтæ.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Дзæуæгигъæуи цæруй 306 258 адæймаги, гъома, еу квадратон километр ахæссунцæ 1064,2 адæймаги, республики ба еци бæрæггæнæн æй 88,4 адæймаги. Нæ республики сæйраг сахари цæрунцæ 86 адæмихаттей минæвæрттæ.***



**АЛИБЕГТИ Эллæ, Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министр:**

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...

– Нæ республики 5-18-анздзуд сувæллæнтти 67 процентемæн ес равгитæ уæлæнхасæн ахуради программити архайунæн. Уавæр фæстæдæр зингæ фæххуæздæр уодзæнæй – Цæгат Иристонæн 2024 анзи субсидий хузи 350369,1 мин соми ке ратдзæнæнцæ, уой фæрци уæлæнхасæн ахуради къабази ма арæзт æрцæудзæнæй 25 мин нæуæг бунати. Идарддæр куст цæуй астæуккаг ахуради косæндæнттæ ахури нæуæг анзи райдайæнмæ бацæттæ кæнунбæл. Нерæнгæ бал цалцæггонд æрцудæнцæ 15 скъолай, октябри кæронмæ ба ма уæхæн куститæ фæуууодзæнæнцæ 13 скъолайеми, цуппареми ба – аци анзи кæронмæ.



Нæ республики Слестгæнæг управлений пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй, 2022 анзи æхсæз мæйемæ управлений косгутæ рабæрæг кодтонцæ æма уголовон гъуддæгутæ исаразтонцæ 102 коррупцион фæззинди туххæй æрмæгути бундорбæл. Абони уæнгæ бал уонæй тæрхондонæмæ лæвæрд æрцудæй 22 гъуддаги. Уой хæццæ, нуриуæнгæ тæрхондæнттæ уголовон æгъдауæй бафхуардтонцæ 17 адæймаги. Коррупцион фæззиндтитæ кæми рабæрæг æй уæхæн æгъдауихæлдтитæ æма фудракæндти фæдбæл слестгæнæг мадзæлттæ аразуни рæстæг фудмиутæ, паддзахадæ æма гъигæдардбаййафæг адæмæн ци финансон зиантæ ракодтонцæ, уони нимадмæ барвæндонæй бафистонцæ 195 миллион сомей бæрцæ.



Цæгат Иристони транспорт æма нæдти инфраструктури Комитетæй куд игъосун кæнунцæ, уотемæй Дзæуæгигъæуи трамвайтæ раййевуни куст гъæуама рахецæн уа 2022 анзи декабри кæронмæ æма æмгъудмæ нæуæг трамвайтæ сахари гъæунгтæмæ гъæуама рацæуонцæ. Уæрæсей Хецауади унаффæй Дзæуæгигъæуи трамвайти парк иснæуæг кæнунæн сæрмагонд федералон трансферти хузи дехгонд æрцудæй 1,7 миллиард сомей бæрцæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма ци нæуæг 30 трамвайи исамал кæнонцæ, етæ уонцæ 2022 анзи уагъд, алкæций дæр гъæуама уа бадæг æма лæууæг адæмæн 170 бунатей бæрцæ. Уомæй уæлдай, вагони гъæуама уа кондиционер, информацион экрантæ, интернети бастдзийнадæ æма æндæр техникон фæрæзнитæ.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Нæ республики промышленнон кустади индекси бæрæггæнæн рауадæй 110,3 проценти, хеуагъд продукций бæрцæ фæббæрзонддæр æй 3,6 проценти, 18 миллиард сомей сæрти рахезгæй. Гъæууон хæдзарадон продукций бæрцæ ба фæффулдæр æй 2,4 проценти, базаради зелдох розници рауадæй 70 миллиард сомемæй фулдæр.

Аци анзи фиццаг æмбеси цæрæнуæттæ нæ республики, фари хæццæ рабаргæй, арæзт æрцудæй 18 проценти фулдæр. Еумæйаг фæзуат ба рауадæй 185,9 мин.

***

**Цæгатиристойнаг сахартæ Дигора æма Æрæдон иссæнтæ уæлахезон, «Сахарти зæрдæхцæуæн фалдзос аразун», зæгъгæ, Еугуруæрæсеуон конкурси. Уой фæрци син лæвæрд æрцудæй: Дигорайæн район – 70 миллион соми, Æрæдонæн – 90 миллион соми. Фæрæзнитæ гъæуама харзгонд æрцæуонцæ аци цæрæбунæтти æхсæнадон фæзуæттæмæ базелуни фæдбæл.**

***

Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министрадæ бахаста фæндон, Украини сæрмагонд тугъдон операций архайæг бархеуонтæй ка фæммард æй, цæмæй уони бийнонтæн фист цæуонцæ æфсæддон пенситæ. Æма еци фæндон гъæуама фæррæстмæ уа – Уæрæсей Президент аци анзи 20 июли ци унаффæ рахаста, уоми дæр загъд ес, гъома, сæрмагонд операций бархеуонæй ка архайдта æма си уотемæй ка фæммард æй, уони бийнонтæ, сæ дарæг ке бастъалдæй, уомæ гæсгæ пенси фист цæуа æфсæддон службæгæнгути хæццæ æмхузонæй.

***

**Сувæллæнтти исфæлдистади Хъæбæлоти Билари номбæл Галауани идарддæр цæунцæ цалцæггæнæн кустæ: нуртæккæ бал си æййевунцæ рагон тугургъæдтæ, уæлдæфи, гъар æма электрон тухæдæттæн мадзæлттæ, идарддæр ба бавналдзæнæнцæ къæрæзгитæ æййевунмæ, медæггаг уæтти арæзтадон куститæмæ. Сæйрагдæр æй сувæллæнтти исфæлдистади Галауани агъазиау бакаст æма исконд багъæуай кæнун.**

**Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Галауани ци сæдæ исфæлдистадон къуари ес (архайунцæ си 5-18-анздзуд кæстæртæ), уони куст цалцæггæнæн куститæмæ гæсгæ гъигæдард æгириддæр не 'рцæудзæнæй.**

***

Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу, Терки билгæрон, арæзт æрцудæй къарти равдист «Нæ сабийтæ». Æхсæнадон архайгути, культури алли къабæзти спорти минæвæртти хæццæ архайунцæ сувæллæнтти Хæдзарæ «Хори тунæ»-йи гъомбæлгæнуйнæгтæ. Аци мадзали сæйрагдæр нисанеуæг – кадимайди ба уой фæрци бийнонтæ иссериуонцæ, нийййергути æнæевгедæй ка байзадæй, еци сувæллæнттæ. Зæгъæн, фарæ аци проекти ци фараст сабий архайдта, уонæй цуппар аци амондæй фæххайгин æнцæ.



# ЦÆМÆЙ БÆЛЦЦÆНТТÆ РÆСТВÆНДАГ УОНЦÆ!..

Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** федералон автомобилон над «Кавказ»-и разамонæг **Александр Лукащуки** хæццæ æрæги ци фембæлд адтæй, уоми дзубанди цудæй Цæгат Иристони нæдти арæзти æма, федералон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци нæдти райарæзти проекттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл.

Уæлдай бундорондæр дзубанди цудæй Дзæуæгигъæуи фæрсти цæуæг Р-217 нади дуккаг æма æртиккаг кезуй арæзтадæмæ. Александр Лукащук куд баханхæ кодта, уотемæй еци арæзтадæ цæуй æнтæстгинæй:

– Сæйрагдæр æй транзитон транспорт сахарæй æндæмæ ракæнун. Уомæй æдасдзийнадæ фæффулдæр уодзæнæй, цæрæнбунæтти экологон уавæрбæл хуæздæрæрдæмæ фæззиндзæнæй. Куд ма загъта, уотемæй проектмæ гæсгæ еци надæн уодзæнæй нæуæг уæлцъарæ. Хуæдтолгитæ кæбæлти цæудзæнæнцæ, еци надæн æ уæрхæ уодзæнæй 15 метри, уодзæнæй цуппар тæлмæбæл дехгонд, сæ алке уæрхæ ахæсдзæнæй 3,75 метри бæрцæ. Специалисттæ исараздзæнæнцæ дууææмвæзадон транспортон æртæ рахезæни, æдасдзийнадæ нимайгæй – хеди хузæн авд арæзтади. Уонæй дууæ уодзæнæнцæ тъунелти хузи.

Нерæнгæ си ци хед ес, уой нæуæгæй райараздзæнæнцæ æма Саудони донвæд исамраст кæндзæнæнцæ. Шофертæн исараздзæнæнцæ фæлладуадзæн бунат сувæллæнтти фæзуати хæццæ. Цæудзæнæй си 600 машиней бæрцæ, нади фæрсти уодзæнæй электрон рохс, исфедар си кæндзæнæнцæ ирд рохс минæг кæнуни нихмæ экрантæ, згъæр гæрæнтæ кæрæнтти.

Сергей Меняйло радзурдта, Уæллаг Ларси сæрти арæнтæбæл рахезуйнагка 'й, еци автотранспортæн республики электронон кезу ке исаразтонцæ, уой туххæй. Республики Сæргълæууæг Александр Лукащукæн куд радзурдта, уотемæй сæ бон уидæ «Кавказ.РФ» хæццæ æрлæууæн лæвар бунæттæ исаразун:

– Е уæ къохи ку бафтуйа, уæд тагъд Чми æма Алханчурти рази уæхæн бунæттæ фæззиндзæнæй. «Автодор» син сæ уæлцъарæ исæхгæнидæ, «Кавказ.РФ» ба си берæфадуатгун бунæттæ исаразидæ. Рагъуди кæнæн, кæд нæ Уæрæсей 'рдигæй арази дзуапп багъæуа, уæд, е кæмæй аразгæ 'й, уонæмæ мæхе бахатдзæнæн.

Александр Лукащук еци хъæппæрес растбæл банимадта æма зæрдæ байвардта, ке рагъуди кæндзæнæй æма тагъд æ фæндитæ рæгъæмæ ке рахæсдзæнæй, уомæй.

## НÆКÆСИ

*Куд нисангонд цæуй, уотемæй, «Æдас æма хуæрзгъæдæ нæдтæ», зæгъгæ, национ проекти архайгæй, Цæгат Иристони 2030 анзи уæнгæ нурикон домæнтæн дзуапп куд дæттонцæ, уотæ рæвдзæгонд æрцæудзæнæнцæ регионалон æма æхсæнмуниципалон нæдтæн сæ 54 проценти, уæдта сахайраг нæдтæ æма гъæунгтæн сæ 85 проценти.*

***

*Цæгат Иристон хауй, алли цæрæн рауæнтæ дæр федар уæлцъари хæццæ нæдтæ кæми ес, Уæрæсей еци фондз регионей нимæдзæмæ. Уой фæдбæл зæгъун гъæуй – нæдтæ конд æнцæ, кæбæл си цæйбæрцæ цæуæг ес, уомæ гæсгæ: кæмидæрти 'нцæ уотид хурæй æхгæд æма е дæр фагæ 'й.*

# АВТОКЛУБТÆ НÆМÆ ФÆЗЗИНДЗÆНÆНЦÆ

Советон доги хуарздзийнæдтæй еу е адтæй, æма идæрддзæф гъæутæй культури артдзæститæ исаразуни равгитæ алкæми кæд нæ адтæй, уæддæр уонæми цæрæг адæм культурон лæггæдтæй æнæхай нæ уиуонцæ. Еугур районти дæр уидæ сæрмагонд хуæдтолгитæ, кæцити худтонцæ автоклубтæ. Æма етæ бæлвурд æмгъудтæмæ гæсгæ еци гъæутæмæ цудæнцæ киноныивтæ æвдесунмæ, ахид сæ бабæрæг кæниуонцæ хуæдахур æма профессионалон артисттæ дæр. Еци арфиаг гъуддаг, гъулæггагæн, фехалдæй советон цардиуаги фехæлди хæццæ. Фал гъæугæ хъæбæр ке кæнуй нур дæр, е бæрæг æй. Æма æ иснæуæг кæнунбæл архайд хумæтæги нæ цæуй нуртæккæ дæр.

Цæгат Иристони Культури министради пресс-слубжæ куд фегъосун кодта, уотемæй Мæздæги æма Алагири районти рæхги фæззиндзæнæнцæ цæлхитæбæл культури искондтæ. Хуæдтолгитæ уодзæнæнцæ фургони хузæн, косæг уавæри ба гуфæй рауайдзæнæй дæлбазури хæццæ сценæ.

Хуæдтолгитæ ефтонггонд уодзæнæнцæ аудио- æма видеоаппаратурæй, уæдта сутки талингæ афони сцени хуæдбарæ рохскæнунадæй. Цæугæ автоклубтæн сæ бон уодзæнæй минкъий зинвадуат гъæутæмæ бацæун. Дууæ культурон трансформери балхæнунæн радех кодтонцæ 14 миллион соми.

Нæуæгдзийнади фæдбæл нæ республики культури министр **Галазти Эдуард** уотæ загъта:

– Мæйи æмгъудмæ мобилон автоклубтæ Мæздæги æма Алагири районти фæззиндзæнæнцæ. Нæ республики зинвадуат гъæутæй кæцидæрти культури стационарон косæндæнттæ исаразуни равгитæ нерæнгæ ке нæма ес, уомæ гæсгæ ба автоклубти фæрци си уавæр хуæрзæрдæмæ раййевдзæнæй, адæм ба дзиллон-культурон мадзæлттæмæ æхсицгонæй цæудзæнæнцæ.



**Станицæ Змейкæй рацæуæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Бондарь Александр Алексейи фурти райгурдбæл 2 сентябри æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1992).**

*Медицинон тагъд агъази клиникон сæйгæдони æнхæстгонд цæунцæ тауæггури нæуæг станцæ исæвæруни куститæ. Ами тауæггурæ цæттæгонд цæудзæнæй суткæмæ 2,5 тонней бæрцæ. Æдеугурæй ба, куд нисангонд цæуй, уотемæй уæхæн станцитæ исуодзæнæй цуппар.*





# ФУДДЗИЙНАДÆЙ ТÆРСÆ ÆМА СИ ДÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНÆ!..

ФÆСТАГ рæстæг коронавирусæй сæйгити нимæдзæ нæуæгæй зингæ ке ирæзуй, уомæ гæсгæ ба, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ куд игъосун кæнунцæ, уотемæй Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Михаил Мурашко** бæсти цæргутæмæ фæдздзурдта, цæмæй æхсæнадон бунæтти нæуæгæй дарун райдайуонцæ маскитæ, уæдта искæнонцæ вакцинаци.

– Фæстаг дууæ мæйи дæргъи, гъулæггагæн, карз незæфтауæги гъомус нæуæгæй ирæзуй. Уæхæн уавæр хинцгæй, растдæр, æнæмæнгæ, уидæ æхсæнадон бунæтти маскитæ даруни фæткæмæ раздæхун æма нæуæг вакцинаций мадзали архайун, – загъта министр.

Коронавируси пандемийи нихмæ тохгæнæг федералон штаби бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, сæйгити нимæдзæ нæуæгæй зингæ ирæзун райдæдта июли-августи. Зæгъæн, августи райдайæни хæццæ рабаргæй, еу бонмæ ка рабæрæг уй, еци сæйгити нимæдзæ исирæзтæй 2,5 хатти. Дзуаппон рæстæг тæккæ бæрзонддæр бæрæггæнæн еу суктæмæ адтæй 28 мин сæйги (уæхæн нимæдзтæ фæстаг хатт бæрæггонд æрцудæнцæ мартъий). Уой хæццæ, 15 августмæ сæйгити нимæдзæ нæуæгæй еуцæйбæрцæдæр фæмминкъийæдр æй – суткæмæ рабæрæг æй 25 мин сæйгемæй минкъийдæр.

Коронавирусæй сæйгити нимæдзæ нæуæгæй ке ирæзуй, еци æууæл регионти санитарон службити ихæсгин кæнуй, цæмæй цæстдарди еуæйеу мадзæлттæмæ раздæхонцæ. Зæгъæн, Бурятий санитарон служби унаффæй æхсæнадон транспорт æма æндæр дзиллон бунæтти раздæрау дарун гъæуй маскитæ. Петербург æма Алтайи администрацитæ маскитæ æнæмæнгæй даруни фæткæмæ нæма раздахтæнцæ, фал, уой хæццæ, бунæттон цæргутæн бафæдзахстонцæ, дзиллон бунæтти маскитæ дарун растдæр ке уодзæнæй, уой. Тæтæри республики профилон ведомствитæ ба фæндон бахастонцæ, цæмæй адæм маскитæ даронцæ, сæ кусти бунæтти уогæй дæр.

Ке зæгъун æй гъæуй, специалисттæ адæмæн амонунцæ ревакцинаци искæнун дæр. Аци амунддзийнадæ уæлдай ахсгиагдæр æй, аллихузон хроникон незтæ ке хъор кæнунцæ, еци адæмæн, уæдта хестæр кари минæвæрттæн. Сæрмагонд оперативон штаби бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нуртæккæ бæсти цæргути дзиллон иммунитети бæрæггæнæн æй айдагъдæр 7,4 процентей бæрцæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу гъæуккаг лæхъуæн, дан, еци къумæлдзæфæй цидæр тугъди хабар райгъуста æма иселлæг æй уордæмæ цæунвæндæй. Рабадтæй æ саргъи бæхбæл æма уордигæй æхе уæд æ хъæболæмæ æривазуй, уæд æ бийнойнагмæ. Уæдмæ æ мадæ æма æ фидæ дæр рацудæнцæ тургъæмæ. Хабар ку балæдæрдтæнцæ, уæд мадæн æ цæстисугтæ е 'нцъулдтæ ростæбæл æргæр-гæр кодтонцæ.*

*– Кумæ цæуис?.. Кæмæн нæ уадзис?..*

*Лæхъуæн бæхи фæрстæ æрбатъæпп ласта, кæдимайди ба тургъæй тагъддæр фендæдуар уинæ, зæгъгæ. Бæх дæр гъæунги 'рдæмæ расæррæт кодта. Æма… Бæласи бунти бауайгæй, бæхбадæги сæр исæмбалдæй уой къалеутæй еуебæл… Лæхъуæн зæнхæбæл радаргъ æй. Фидæ гъæунгæмæ рацудæй æма æ фуртмæ æркастæй, уæдта синхи лæхъуæнтæмæ дзоруй:*

*– Уæ хуарзæнхæй, аци тохмондаги æ хуссæни æрæвæретæ… Æ бунат ма нерæнгæ уоми 'й…*

***

Æма нæмæ уæхæн «тугъдонтæ» минкъий ес? Сæ бон неци уогæй, нецæмæ арæхсгæй, сæхе ралæг кæнунцæ æма, æцæгæй лæгигъæдгун кæми гъæуй, уæхæн гъуддæгути сæхе фæтътъунсунцæ. Æма хуарзæй неци исаразунгъонæй, сæ зæранæй сæ исæмæнтъери кæнунцæ…



**Эдуард БОЯКОВ, режиссер: «Æндæр бæстити уогæй, хъæбæр си æрхицæ кæнун уонæми цæрæг адæмтæмæ, бийнонти 'хсæн куд арæхсунцæ сæ бæрæгбæнттæ, сæ културæ гъæуай кæнунмæ, уомæй…»**

Æма абони махмæ, уæрæсейаг бийнонти 'хсæн хе удварнон хæзнатæбæл æновуддзийнадæ уоййасæбæл хиццаг уомæн нæбал æй, æма култури бодзотæ, фæсарæйнаг «хæзнатæмæ» æрхицæ кæнгæй, туххæйти дæр сæ нæ цардиуаги кæмити ба нæ тъунстонцæ. Æма? Еци фæсарæйнæгтæ дæр нин нæ ниттадæнцæ, æма нæхе хуæрзтæй дæр нæхе, уæлдайдæр ба нæ кæстæрти фенæхай кодтан…



**Александр СОКУРОВ, кинорежиссер: «Абони хумæтæг адæммæ ци берæ сагъæстæ ес, уонæн сæ фулдæр æнцæ сæхе цард, сæ бийнонти, сæхе цардарæзт фæйййервæзуни фæдбæл, æма сæ нæ евдæлуй политиктæн сæ гъостæбæл æрхуæцун æма сæ хуарз æрдæрæн кæнунмæ сæ мæнгæтти туххæй…»**

Айдагъ политикти цæмæн? Нæ Фидибæсти евгъуд рæстæгути хабæрттæ аллихузон уогъурсуз цауæнгæнгутæ – уæлдайдæр култури æма аййевади къабæзти – сæ мæнгæ дзубандитæй рæстдзийнадæ ке усхъуммитæ кæнунцæ, тогтæ сæбæл ке имисунцæ, уой туххæй ба минкъийдæр дæрæнгæнуйнаг æнцæ? Паддзахадон цензурæ дæр сæ зæрдæмæ хумæтæги нæ цæуй… Уогæ цензурæ ци 'й – уæхæнтти зундирахасти памперсти хузæн ести урамæнтæ ку 'ргъуди кæнунцæ, уæд нæ алфамбулай уæлдæф кæдзосдæр уидæ…



**Антон СИЛУАНОВ, Уæрæсей Федераций финанси министр: «Экономики уотид неци фæууй. Абони æхца æнцонтæй ку радех кæнай, финансон æвæрд ку фæффæлмастдæр кæнай, уæд уой фæсте ба федунтæ багъæудзæнæй. Ка феддзæнæй? Хумæтæг адæм…»**

Уæрæсейаг экономики æнæлæдæрд дессаг: финанси министрадæ æхцатæ радех кæнуй кæмæндæрти, федгæ ба сæ хумæтæг фæллойнæгæнгутæ кæнунцæ. Паддзахади къазнайæй кадæртæ хæлæфæй æхцатæ давунцæ, нæуæгæй ба 'й гъæуама мах, хумæтæг адæм, идзаг кæнæн нæ мæгурдæйраг фæрæзнитæй.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ГЪÆУЙ ÆВИ НÆ ГЪÆУЙ?..

*Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнгутæ уæрæсейæгтæй, медицинон маскитæ даруни фæткæ бабæй исаразунбæл арази æви æ нихмæ айтæ, зæгъгæ, ке бафарстонцæ, уонæй алли цуппæрæймаг дæр – 23% – уобæл арази 'нцæ, уомæн æма 'й уинунцæ тæссаг незæй (COVID-19) сæйгити бæрцæ бабæй ирæзуй. Еци мадзали нихмæ æнцæ 48%. Цæмæй æхсæнадон рауæнти еугурæйдæр маскитæ даронцæ, уой фарс фулдæр æнцæ силгоймæгтæ – 25%, нæлгоймæгтæ ба – 21%. Цæмæй бабæй маскитæ даруни домæн æнхæстгонд цæуа, уой фарс фулдæр æнцæ 34 анзей кари адæймæгутæ – 30%. Мадта 45 анземæй фулдæр кæбæл цæуй, уонæй ба æдеугурæй 19% æнцæ уæхæн гъудий фарс. Еугуремæй минкъийдæр ба уæхæн мадзалмæ цæттæ 'нцæ, прививкити нихмæ ка 'й, етæ (14%). Уогæ аци бæрæггæнæнтæ уоййасæбæл æнхæст кæми уодзæнæнцæ? Ка сæ æмбурд кодта, етæ уотæ зæгъунцæ: «Фарæ мартъий уæрæсейæгтæй 29% хъæбæр федарæй дзурдтонцæ, гъома, маскитæ даруни режим ку раййевонцæ, уæддæр сæ дардзинан. Фал мæнæ нур уæрæсейаг цæрæн рауæнти гъæунгти æрзелгæй бæрæг æй, сæ еци соми айдагъдæр ефстæгтæ ке æнхæст кæнунцæ, е…»*




Уæрæсей гвардий Бон бæрæггонд цæудзæнæй 2 сентябри. Куд паддзахадон бæрæгбон, уотæ Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ нисангонд æрцудæй 2000 анзи 22 декабри.

***Исон, 28 августи телеканал «Уæрæсе» 19 сахатти æма 5 минуттебæл райдайдзæнæй Аланибæл дзиуарæ бафтауни 1100 анзей бæрæг кæнуни туххæй, «Тропами Алании», зæгъгæ, ци цикл æнхæстгонд цæуй, уомæй ма еу киноныивæ. Æдеугурæй телеканал «Уæрæсе» аци циклæй бавдесдзæнæй æртæ кинониви, кæцитæй дууæ фæззиндзæнæнцæ аци анзи августи æма сентябри.***



# КИРИСТОН ДИНИ КЪАМИСИ АРХАЙД ЦÆГАТ ИРИСТОНИ

1

Еудзурдæй, дин æма аргъауæн устур агъаз адтæнцæ паддзахади æндагон политикæн. Æма Уæрæсей аргъауæн рапарахат кодта устур архайд, цæмæй иннæ адæмтæ дæр киристон дин райсонцæ, уой туххæй. Уой хæццæ еци куст цудæй, айдагъ Уæрæсей хæццæ ка байеу æй, еци адæмти 'хсæн нæ, фал ма паддзах идарддæр дæр æ дæлбарæ бакæнунмæ ке гъавта, уони 'хсæн дæр. XVIII æноси архайдта Тобольскаг минæвайрадæ. Е æ куст кодта Нигулæн Сибири. Никки ма адтæнцæ Иркутскаг æма Астрахайнаг мисситæ. Поволжьей дæр куста Нæуæгдинон мисси 1731 анзæй 1764 анзи уæнгæ. Уони номхигъди адтæй Ирон мисси дæр, исаразтонцæ 'й 1744 анзи, е рахаста еугуремæй фулдæр – сауæнгæ 1860 анзмæ.

Æ райгурд, уæлдæр куд загътан, уотемæй баст адтæй Саудензигон-Каспийаг лухкæнуйнаг фарстати хæццæ. Цæмæн исæвзурдæй Ирон фарста ба? Æ ахедундзийнадæ уæхæн устур адтæй æ географион бунатмæ гæсгæ – тæккæ цубурдæр над Гурдзимæ цудæй Иристонбæл. Фæскавказмæ ба Уæрæсе рагæй æ билицъæрттæ хуардта. Æма цæмæннæ ба – гъæздуг бæстæ, иннæ уæхæн раззагдæр культурæ! Мадта имæ Уæрæсе е 'ргом ке раздахта, уомæн адтæй æндæр рæуонæ дæр – æ хуæнхти иссирдтонцæ æрзæти агъазиау æвæрæнтæ.

Ирон дини къамиси сæйраг ихæстæ адтæнцæ:

– киристон дин ирæнтти 'хсæн хæлеу кæнун;

– «Хуцауи дзурди» фæрци Уæрæсей æма Иристони 'хсæн бастдзийнæдтæ федар кæнун;

– ирæнтти æностæмæ паддзахи дæлбарæ бакæнун.

Еци æртæ ихæси ка æнхæст кодта, етæ кодтонцæ культурон-рохсадон куст дæр. Уæрæсей æма Иристони культурон бастдзийнæдти, уæдта еци гъуддаги Иристони дини къамиси ахедундзийнади туххæй ес берæ наукон-рохсадон литературæ. Уонæми куд амунд цæуй, уотемæй нæудæсæймаг æноси астæу ирон финсуйнадæн фæззиндтæй разæууæлтæ. Фал, махмæ гæсгæ, раст нæй уæхæн гъуди, гъома, 1753 анзи фæззиндтæнцæ ирон мухургонд киунугутæ – дини киунугутæ гурдзиаг æвзагæй тæлмацийæй.

Дузæрдуггаг нæмæ кæсуй уæхæн хатдзæг. Æ фарсхуæцгутæ æрхæссунцæ уæхæн дæнцæ – профессор М. Джанашвили 1897 анзи загъта уæхæн гъуди: сауæнгæ Иракли II паддзахеуæггади рæстæг фæззиндтæй дини фиццаг киунугæ ирон æвзагбæл. Уони мухур кодта паддзахи типографи гурдзиаг дини дамугъатæй. Джанашвили куд зæгъуй, уотемæй еци киунугутæй еу æхуæдæг дæр фæууидта, рауагътонцæ 'й 1753 анзи.

Æрхæссунцæ æндæр цæветтон дæр – дини къамиси иуонгтæ Пахомий æма Григорий, дан, дзурдтонцæ, киунугутæ ке тæлмац кодтонцæ, уой туххæй.

Мах гъуди, уæлдæр куд загътан, уотемæй æндæр æй: уруссаг-ирон культурон рахастдзийнæдтæн æнæгъæнæй, уæдта ирон финсуйнади райгурдæн XVIII æноси арæзт цудæй айдагъдæр разæууæлтæ.

Дини иристойнаг къамис 1744 анзи ку исаразтонцæ, уæд дзорун райдæдтонцæ, дин парахат кæнунæн национ кадртæ æнæмæнгæ ке гъæунцæ, уобæл. Еци фарста фиццаг исæвардта Пахомий. Фал дини скъолатæ байгон кæнуни гъуддаг хъæбæр ниддæргъвæтийнæ æй. Дини фиццаг ирон скъола байгон æй айдагъдæр 1764 анзи. Еци уавæри сæйраг хъоргæнæг адтæй, ирон æвзагбæл киунугутæ, уæдта тæлмац кæнунмæ ка арæхса, уæхæн адæймæгутæ ке нæ адтæй, е.

Е бæлвурдæй бæрæг æй, уой фæдбæл мухургонд æрмæгутæмæ ку æркæсæн, уомæй дæр. Зæгъæн:

– 1744 анз. Пахомий е 'мбæлтти хæццæ «домуй, цæмæй уоми адæмихæттити сувæллæнтти ахур кæнуни туххæй исаразонцæ скъола». Синод ин зæрдæ æвæруй, еци фарстамæ лæмбунæг ке 'ркæсдзæнæнцæ, уомæй.

– 1745 анз. Дини кустгæнæг лæгтæ, сæ сæргъи Пахомий, уотемæй нæуæгæй исæвардтонцæ фарста скъола байгон кæнуни туххæй, уомæн æма е хъæбæр агъаз фæууодзæнæй ирæнтти киристон динбæл æхцул æма æновуд кæнунæн.

– 1746 анз. Синодæн æ бон нæма 'й скъолай фарста ралух кæнун.

1) Мæскумæ ниццудæй иеромонах Ефрем æма фегъосун кодта Синодæн: ирæнттæмæ финсуйнадæ нæййес, еуæй-еу ирæнттæ зонунцæ гурдзиаг æвзаг, кадæртæ си ахурадæ райстонцæ гурдзиаг æвзагбæл. Уæхæнттæ 'нцæ иеромонах Парфений – нуртæккæ цæруй Гурдзий – æма æ гъомбæлгæнуйнæгтæ. Етæ 'нцæ æдеугур дууадæс, фараст си кæми цæрунцæ, е бæрæг нæй, фал си æртæ ба цæрунцæ Иристони. Уонæн сæ бон уайдæ «гурдзиаг киунугутæ сæхе диалектмæ ратæлмац кæнун... Фал сæ тæлмац раст нæ уодзæнæй, уомæн æма сæмæ сæхе финсуйнадæ нæма ес...»

2) Синод рахаста унаффæ – «тæккæ фиццагидæр исаразун алфавит гурдзиаг дамугъатæмæ гæсгæ» æма уой фæсте ба, «динæн агъазиаудæр агъаз ка уодзæнæй», еци киунугутæ æййевун ирон æвзагмæ.

3) Парфенийи гъуддаг ба рауадæй уотæ. Пахомий ин ку загъта, Иристонмæ рацо цæрунмæ, зæгъгæ, уæд нæ исарази æй, æз, дан, еци адæмæй «нур фæсте байзадтæн». Æма 'й бафхуардтонцæ – туххæйти 'й бакодтонцæ гурдзиаг моладзандæнттæй еуемæ.

– 1746-1752-аг æнзтæ. Дини ирон къамис æхе цæттæ кæнуй Петербургмæ. Петербурги уогæй, Пахомий нæуæгæй исæвардта скъолай фарста.

– 1752 анз. Синод Сенатæн фегъосун кодта æ фæндæ дини скъолай туххæй, гъома, е æй гъæугæ гъуддаг, фал æ исаразунæн нерæнгæ фадуæттæ нæма ес.

Фал уæддæр архимандритæн байхæс кодтонцæ базонун: «Кæци рауæн æнгъезуй æрæвæрун скъолай бундор; ка си ахур кæндзæнæй, уони сæ ниййергути фæндæмæ гæсгæ есдзæнæнцæ æви нæ; æ байгон кæнун «адæми нæ исæзмæнтдзæнæй», ка си уодзæнæй ахургæнæг; ахур циуавæр диалектбæл цæудзæнæй?..»

– 1753 анз. Пахомий дзуапп равардта Синодæн: скъолайæн бунатæн равзурстан Курттати ком; ахурдзаутæ уодзæнæнцæ дæс æма инсæйемæ хæстæг, ахурдзаути есдзинан сæ ниййергути фæндæмæ гæсгæ; ахургæнгутæ ес исерæн гурдзиæгти 'хсæн; ахур дæр кæндзинан гурдзиаг æвзагбæл. Архимандрит идарддæр зæгъуй: «Дини киунугутæй бал цалдæр скъуддзаги ратæлмац кодтан ирон æвзагмæ».

Уой фæсте скъолай фарста дæргъвæтийнæ рæстæг – сауæнгæ 1764 анзи уæнгæ – ауони байзадæй. Цæй фудæй, уонæн сæ сæйрагдæр еу, æвæдзи, адтæй Авданзон тугъд дæр (1756-1763-аг æнзти дæргъи).

– 1767 анз. Дини ирон къамиси нæуæг хецау Григорий фегъосун кодта Екатеринæ II: «Мæн Пахомий раздæр бакодта дини къамисмæ. Æндæр гæнæн мин нæбал адтæй, æма исахур кодтон ирон æвзаг дууæ анземæ æма ирон æвзагмæ ратæлмац кодтон дини гъæугæ киунугутæ».

Мæнæ ци архивон æрмæг æрхастан, уомæ гæсгæ, куд уинæн, уотемæй скъолай карнæ инсæй анзей дæргъи лухгонд не 'рцудæй. Фиццагидæр уой рæуонæй, æма нæ адтæй киунугутæ иронау, уæдта нæ адтæй гъæугæ литературæ ирон æвзагмæ ка тæлмац кодтайдæ, уæхæн адæймæгутæ дæр. Фал еци æрмæги Пахомий (1753 анз) æма Григорий (1767 анз) ку дзорунцæ, – тексти мах еци бунæттæ баханхæ кодтан – иронау киунугутæ ке тæлмац кодтонцæ, уобæл.

Куд лæдæргæ 'й аци хабар, иннæ æрмæги хæццæ 'й æрæвæргæй? Мах аци фарстайæн дæттæн дууæ дзуаппи:

**Фиццаг.** Ес уæхæн хатдзæг искæнæн, æма Пахомий æма Григорийи дзубанди киунугутæ тæлмац кæнуни туххæй æй мæнгæттæ, уомæн æма еци рæстæги дини ирон къамиси рапорти æма дзуæппити адтæй, фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй берæ æримисгæ æма фæливд дзубандитæ. Къамиси куст инсæй анзей дæргъи неке бæрæг кодта, уой фæрци Пахомий æма Григорийæн сæ бон адтæй сайун, уавæр сæхе пайдай хузи бавдесун. Пахомийæн сæйрагдæр адтæй скъола байгон кæнун, уой туххæй ба, æвæдзи, римахста æцæгдзийнадæ. Кæд Пахомий æцæгæйдæр ратæлмац кодта киунугæ, уæд æй æ бон ниммухур кæнун адтæй сауæнгæ 1753 анзи, уæд ма æ рапорти уотæ цæмæн финста: «Æригон ирæнттæ ахур кæндзæнæнцæ гурдзиаг диалектбæл». Дзубанди цудæй исонибони скъолабæл, æ байгони размæ ба гъæуама киунугæ рацудайдæ. Уæдта зæрдæбæл æрлæууун кæнæн уой дæр, æма Синод ке рахаста мæнæ ауæхæн унаффæ: «Дин ка райса, уони ахур кæнун гъæуй сæ æрдзон æвзагбæл...»

Григорийи дзуапп ба финст æрцудæй, архимандрит æй ку искодтонцæ, уæд уой фæсте æма, æцæгæйдæр, архайдта æ евгъуд архайд ахедгæдæрæй, тиллæггондæрæй равдесунбæл. Цубурдзурдæй, æ кусти уагæ аразта, цæмæй фулдæр æхца æ къохи бафтудайдæ, уобæл. Уæхæн уавæри ин киунуги тæлмаций туххæй фæрæзнитæ расайун дæр устур гъуддаг нæ адтæй.

Еугур еци хабæрттæн ма æвдесæн æй æндæр гæгъæди дæр – Пахомий ку рамардæй, уæд ин æ дзаумæуттæн ци æрфинст исаразтонцæ, е. Æрфинст адтæй хъæбæр лæмбунæг, ранимадтонцæ си дини къамиси раздæри сæргълæууæги еугур дзаумæуттæ дæр, сауæнгæ ма си ес, æ цайгæрдæг ци къоппи дардта, уой кой дæр. Пахомий æма Григорийи тæлмацгонд киунугутæ ба си нæ разиндтæй. Уогæ бабæй ами дæр ес «фал». Уой туххæй зæгъдзинан минкъий изолдæр.

**Дуккаг**. Ка 'й зонуй, Пахомий æма Григорий уæхæн киунугутæ æцæгæйдæр ратæлмац кодтонцæ хумæтæг хузи. Гъома, кудфæндийæй, мухури рауадзуни туххæй нæ, фал нин нæ архайди хуæздæр хузи бавдесунæн еуцæйбæрцæдæр агъаз уонцæ, зæгъгæ.

Уæхæн литературæ ке гъæуй, уой туххæй бардзурдбæл исæмбæлæн ес Синоди 1746 анзи унаффи: «Дини киунугутæ раййевунæн фадуат ку нæ уа, уæд сæ, æгирид неци, уæддæр ратæлмацгæнæн ес хе кусти си пайда кæнунæн». (Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ XVII æноси. Документти æмбурдгонд дууæ томемæй, 1 том, 34 ф.) Пахомий æ рапорти зæгъуй, тæлмац ке кодта Синоди фæндæмæ гæсгæ. Мадта Григорий дæр финсуй, æндæр гæнæн мин нæбал адтæй, курдтонцæ ми æма уæд исахур кодтон ирон æвзаг, æма имæ тæлмац кодтон, зæгъгæ. Уотемæй цæмæдесаг ци æй – сæ дууæ дæр дзорунцæ еухузон, гъома, айдагъдæр тæлмаций туххæй. Мухургонд киунугути туххæй сæ дзуæппити еунæг дзурд дæр нæййес. Аци гъудий, гъома, киунугути тæлмацтæ къохфинстæй ке адтæнцæ, уой фарс дзоруй Пахомий дзаумæутти æрфинсти уæхæн фæззелæн. Æрфинсти алли киунуги сæргонди фарсмæ дæр бæлвурдгонд цæуй, циуавæр æй – мухургонд æй æви къохфинст æй, е.

Номхигъди ес еуæндæс киунуги, уонæй дууæ къохфинститæй: «Тресты посная» и «Служебник архиерескойй». Ка 'й зонуй, æма еци киунугутæ 'нцæ, Пахомий æма Григорий ке ратæлмац кодтонцæ, етæ. Æма, æвæдзи, уонæй еуей фæууидта М. Джанашвили, фал æй мухургонд цæмæн исхудта, е ба бæрæг нæма æй...

***МЕРДЕНТИ Хаджи-Мурат.***



# ÆНАМОНД КИНДЗÆХСÆВÆР



**УÆДАТИ Сулейман,**
юрист, æхсæнадон архайæг

Еу сæумæ Хъазауати камери æфсæйнаг дуар æртæ ахæстгæси райгон кодтонцæ, æ къохтæбæл ин æфсæйнаг «хъадаматæ» бакодтонцæ æма ’й тæрхонгæнæгмæ бахъæртун кодтонцæ. Тæрхонгæнæг, рацæргæ нæлгоймаг, Сурх Æфсади афицери дарæси. Дæлболкъон. Е дæр, слестгæнгутæ ци фарстатæ лæвардтонцæ, уони нæуæгæй лæвардта ахæстмæ, айдагъдæр ма ’й сабургай бафарста:

– Уацари ци рауæн бахаудтæ?

– Ригæмæ ку æмпурстан, уæд.

Тæрхонгæнæг тæрегъæдгæнæгау бакастæй Хъазауатмæ. Уæдта:

– Æз дæр еци æмпурстити уæззау цæф фæдтæн. Æрæгиау æрæскъидтæн...

– Ракæнетæ ‘й. Еу сахатти фæсте æй æрбахонетæ, – загъта тæрхонгæнæг ахæстгæстæн. Æмгъуд рæстæгмæ æрбакодтонцæ Хъазауати.

Тæрхонгæнæг имæ бакастæй, уæдта фæсмонгæнæгау исдзурдта:

– Фондз æма инсæй анзи ахæстдони фæббадуни тæрхон дин хаст цæуй Хъазауат, – сагъæссаг хузæй загъта тæрхонгæнæг. Уæлдæр тæрхондонæмæ багъаст кæнуни барæ дæ ес.

...Фондз æма инсæй анзи ахæстдонæ – цуппар æма инсæйанздзуд æвуд тугъдонæн.

Хъазауат æгуппæг лæуд кодта, зир-зир кæнгæй, æ къæхтæ нæбал лæдæрдтæй. Æрæгиау æ кеми æрцудæй. Ахæстгæстæ бабæй æй исмедæг кодтонцæ æ раздæри камери. Æвдуст Хъазауат зиндойнæги тъахтийбæл бакъолæ кодта æхе. Æ зæрди æрæфтудæнцæ, бицщеу уогæй æ фиди хæццæ Даргъоми хуасæ куд кæрдиуонцæ, Аргудани коми тæрсæдзауæн, скъолай ахури æнзтæ, ахургæнгутæ, æ цæститæбæл удæй Мæдинæ, рæсугъдæй-рæсугъдæдæр куд кодта, е. Уæхæн гъудити фæсте рафунæй æй. Ахæстгæсти æстуфæй Хъазауат райгъал æй. Райгон кодтонцæ камери дуар.

– Дæлæ дæмæ фæууинæн бунати æнгъæлмæ кæсунцæ дæ бийнойнаг æма æнсувæр.

– Рауайæ, – загъта ахæстгæстæй еу æма ’й ракодта уордæмæ.

Хъазауати хæццæ фæйнердигæй цудæй сæ дзубанди. Мæдинæ комкоммæ кастæй Хъазауатмæ æма æ цæстисуг калдта:

– Ма ко, æз ма нур удæгас дæн. Арв куд фæгъгъæр кæнуй, уотæ нæ цæвуй, – зæрдæ байвардта Хъазауат Мæдинæн. Е баходæзмолæ кодта æма æ фийсæрфæн къохмæрзæнæй æ цæстисугтæ расæрфта.

– Дæ бригади иуонгтæ дин исæрвистонцæ муд, хъуæцдзуд фуси думæг, æртæ къерей, карк, уæдта хизуæфт хæдонæ, гъосгин ходæ, цъоппин цъиндатæ. Балæвардтан сæ. Фæллойнæбонтæ дæр дин финсдзæнæнцæ аци анзи кæронмæ. Тиллæгæрзад уодзæнæй бæрзонд. Æруагæс си кæнуй, дæ æвæдуйгæ хъаурæ ба аци цаубæл ке фæууæлахез удзæнæй, е, – загъта кæстæр æнсувæр Салауат.

– Фæууинуни рæстæг фæцæй, – баргунæй загъта ахæстгæс æма ракодта Хъазауати æ зиндонæмæ. Мæдинæ æма Салауат æгæлæнтæ кæнгæй, рæнæхстæр æнцæ сæхемæ. Æрæдони уæнгæ поезди, уордигæй ба фестæгæй сæ ахилмæ æрæхсæвеуат кæнгæй.

Æцæгæйдæр исæмбалдæнцæ Хъазауатбæл æ бригади лæвæрттæ. Æхемеднимæр син зæрдиагæй арфæ ракодта. Æ балæвæрди карки фидæй æма æхцинтæй еуминкъий бакайдта. Иннети ба тезгъомæ рацæуни рæстæг ахæститæн байурста. Етæ куд мондагæй хуардтонцæ, уомæ кæсгæй, Хъазауатæн æгомуг рист кодта æ зæрдæ.

Еу сæумæ хъæбæрæй-хъæбæрдæр кодта куйти рæйун æма ахæстгæсти дзахъула. Ахæститæй еуæй-еуети æмбурд кæнун райдæдтонцæ тезгъо кæнуни фæзæмæ сæ дзаумæутти хæццæ. Хъазауат дæр сæ хæццæ. Цубур рæстæгмæ сæ исбадун кодтонцæ æфсæнвæндаги товарласæн вагæнтти.

Хъазауатæн райдæдтонцæ нæуæгæй æ гъезæмарæ æма тæссаг бæнттæ. Цал æма цал ахæстдони бавзурста надбæл, цалинмæ Горькийи æфсæнвæндаги хайади Сухобезная станцæмæ хъæрттæй, уæдмæ. Ами арф мет, бурдæн, бустæги уазал арвигъæдæбæл Хъазауат исæмбалдæй фæззигон уæледарæси. Бакодтонцæ сæ, еу-сæдæй бæрцæ политикон ахæститæ кæми адтæнцæ, уæхæн цæрæн бунатмæ. Æртиккаг бон ин равардтонцæ гъардæр косæн хъæппæлтæ æма къахидарæс. Æхеуонтæ дæр ин ниууагътонцæ. Бригади иуонгтæ ин ци фæндаггæгтæ исæрвистонцæ, уони дæр хецæн рауæн бафснайдта.

– Цард тугъд æй æма тох кæнун гъæуй алли гъезæмарæдони дæр, – æхецæн нифс æвардта Хъазауат.

Хъазауати исписан кодтонцæ гъæдфадæг бригадæмæ. Тар гъæдæмæ сæ ластонцæ сæрмагонд æфсæнвæндагбæл. Дууæкъохгин хирхæй хъан кодтонцæ сæдæанзиккон толдзæ æма сибулдзæ бæлæстæ. Хъазауати хæццæ еу хирхæй куста партий обкоми раздæри фиццаг секретарь. Е адтæй цæстивард, æргъоцгæнагæ. Кодта зæрдарф дзубандитæ.

Тар гъæди арф мет, бурдæн, уæззау куст, мамæлай хуæруйнаг. Уотæ бабæй райдæдтонцæ æвуд Хъазауати æмдзæндаг нади æгæлæнтæ, айдагъдæр ин Мæдини финстæг уидæ уоди хуасæ.

Еци æнамонд над хаста Хъазауати еу гъезæмарæдонæй иннемæ, Сибири, идард Хорискæсæни тар гъæдæмæ, Урали хуæнхти æрзæткъахæнтæмæ. Алкæми дæр Мæдини финстæгутæмæ æнгъæлмæ кастæй хуасийнау.

Кæмидæриддæр куста, уоми Хъазауатæн аргъ кодтонцæ æ кустæн. Райевгъудæй æ тæрхони æнзтæй дæс.

Фæстагмæ ба æстæнæйæстæнмæ дæр есун райдæдта Мæдинæй финстæгутæ. Еу изæр ба æ хуссæнуатбæл æрбаййафта Мæдини финстæг. Е финста Хъазауатмæ: «Æз æма ду нæбал ан лæг æма уосæ. Райстон томахъ. Мæ цард байеу кодтон дæ кæстæр æнсувæр Салауати хæццæ. Уарзæн кæрæдзей. Ан нивгун, ес нин авданзиккон сувæллон æма авдæйнон, уæдта æвзуруйнаг...»

Аци финстæг тæбар-тубур кодта Хъазауати зæрдæ. Еуцæйбæрцæдæр æдзæмæй лæудтæй, уæдта æхе æруагъта къелабæл.

Хъазауатæн Мæдини уац адтæй арви æрцæфау. Райдæдта «тайун», тагъд уæгæ кæнун. Хор æй нæбал тавта.

– Медицинон санхаййи дохтирæн дæхе фæууинун кæнæ, – загъта ин еу ахæст дохтир, Хъазауати æмбæстон хъогъалухъаг. Лæмбунæг рауинæ-бауинæ фæккодта Хъазауати, уæдта ’й нивварта сæйгæдони. Рацудæй еуфинддæс боней бæрцæ. Сæйгæ æхемæ ’рцудæй.

– Дæуæн нур нæбал ес уæззау куст æнхæст кæнæн. Æз дæ рæуæгдæр кустмæ раййевун кæнун кæндзæнæн, – загъта фæстагмæ дохтир.

Дуккаг бон Хъазауати исписан кодтонцæ хуæрæндони агъазгæнæгæй. Æ цард æма е ’нæнездзийнадæ дзæвгарæ фæррæвдзæдæр æнцæ. Фæннифсхастдæр æй.

Фал...

– Гъа... Мæдинæ силгоймаг æй. Уал æма уал анзи мæмæ æнгъæлмæ кастæй. Балæдæрун æй æнгъезуй. Фал ме ’нсувæр уой æхецæн цæмæ исаккаг кодта? – фарста æхе Хъазауат. Сæ дууæ дæр мæхе ’нцæ, цæрæнтæ сæхе фæндон. Æз дæр кæд ескæд мæ райгурæн къонабæл исæмбæлинæ.

Еу изæр хуæрæндонæ бабæрæг кодта сæрмагонд хаййи косæг æма Хъазауатæн загъта:

– Исон сæумæ æрбацо махмæ.

Хъазауат æнæхуссæг фæцæй. Алли гъудитæ æ сæри зилдæнцæ. Куд ин загътонцæ, уотæ бакодта. Ахæстдони сæрмагонд хаййи хецау исистадæй æма рацудæй æ бунатæй Хъазауати размæ. Æ къох ин райста.

– Зæрдрохс хабар.

Уæрæсей Советон Социалистон Федеративон Республики Сæйраг тæрхондони прокурори нихмæдзурдмæ гæсгæ унаффæ рахаста дæу зулун кæнуни тæрхонисконд раййевуни туххæй, ци фудракæндти фæдбæл дæ зулун кодтонцæ, етæ бæлвурд бæрæггонд ке не ’рцудæнцæ тæрхондони, уой туххæй. Дæ политикон бартæ æздæхт цæунцæ, цæуис реабилитацигонд.

Еци æхсицгон цау ке балæдæрдтæй, уобæл æ къох æрфинста.

– Æз дæн сæребарæ, мæ хор мæбæл нæуæгæй ракастæй, – цийнæ кодта Хъазауат. Минкъий фæстæдæр райста æрзæткъахæги æртæмæйон улупа, фæстаг æртæ анземæн уæгъдон феддонтæ.

Ахæстдони хецау Хъазауати рæуæг хуæдтолги рарвиста æфсæнвæндаги станцæмæ, æ къохи ин паспорт бакæнгæй. Уоми ин бæрæггæгъæдимæ гæсгæ раварттонцæ бæлццони билет, Хъазауатæн æ райгурæн гъæумæ ци æфсæнвæндаги станцæ адтæй, уой уæнгæ.

Уæгъдæ рæстæг ма адтæй Хъазауатæн æма еци станцитукани балхæдта хæзарæ хецæн къахидарæс æма уæледарæс.

Цубур нæ адтæй Хъазауатæн æ над Цæгат Уралæй æ хæдзарæмæ. Фал æрхун ци сæребарæбæл кодта, е ин æ нифс федарæй-федардæр кодта.

– Ка мæмæ æнгъæлмæ кæсуй, ке ма гъæун, – гъуди кодта Хъазауат.

Фæцæй ин ездон æма æгъдаугин æмвæндагонтæ.

Еу цазæ бони Хъазауат рахизтæй фæстаг станций, æ хæссуйнæгтæ æ къохи, уотемæй. Берæ фæрразелæ-базелæ кодта, уæдта товарон станцæмæ нифтудæй. Уордæмæ Хъазауати райгурæн гъæуи гъæдикустгæнæг заводæй ластонцæ тæрсæ лухтæ. Гъæдласæн хуæдтолгæ ку исуæгъдæ ’й, уæд шофер барæ равардта Хъазауатæн гуфи исбадунæн.

Куд хæстæгдæр кодта Хъазауати гъæу, уотæ лæг мæтъæлдæр кодта. Сæхе рази бауорæдта хуæдтолгæ, райарфæ кодта шоферæн æма рахизтæй.

Дзæвгарæ рæстæг лæмбунæг фæккастæй се ‘дзæрæг кæлæдздзаг бæрзонд хæдзарæмæ. Нæ си цудæй рохси цъита. Къæлиткæ фæйнæгæй худ. Бахезунмæ æ нифс нæ бахаста. Хуарзæй си неци уидта. Уæдта бахуаста сæ синхон Азийхани дуар. Е ибæл хъæбæр фæцциййнæ кодта, ратæфирфæс ин кодта, ке нæбал исæййафта, уони зиани фæдбæл.

– Дæу исонибони сагъæс фæхххæстæгдæр кодта дæ мадæ æма фиди мæлæт. Де ’нсувæртæй ма уæлæбæл ес дууæ æма цæрунцæ аллирауæнти. Дæ хуæрæ дæр нæбал æй. Салауати хабар ба, æвæдзи, зондзæнæ. Е æрцардæй дæ бийнойнаг Мæдинæбæл. Ес син цæуæт. Еци æвæрхъау гъуддаг, ка дæ уарзуй, ка дæ зонуй, уонæн хъæбæр маст искодта. Фал уонæн гæнæн нæбал ес. Дæхебæл фæххуæцæ. Ду ма нур æригон дæ, – загъта Азийхан. Æхсæвæри фæсте хæдзари æфсийнæ ниууат кодта Хъазауатæн хецæн уати. Сæумæ æфсийнæ фингæбæл ниввардта æртæ къерей æма дигорон арахъи графийнæ.

8

Кæрон. Райдайæн 32-аг номери (19 августи).

***Иоганн ГЕТЕ (1749-1832), немуцаг поэт: «Хе кутемæй ес базонæн? Æнцад кæсгæй нæ, фал архайди фæрци. Дæ ихæс исæнхæст кæнунмæ бавналæ æма базондзæнæ, ци дæмæ ес, ци дæ бон æй, уой... Адæймаг æнтъуссæги ахæсти ку бахауй, уæд арфдæр сагъæс кæнун байдайуй, нæ догæ ци тæрегъæддаг, зæуuати уавæри ‘й, уобæл æма барæ-æнæбари æрцæуй уæхæн***



***«Тæходуй ку балæдæринæ, аци зæнхæбæл цæмæн цæрун, мæ царди нисан ци ‘й?» – ахид бафæрсуй æхе Сæбанти Барис æма æ фарстæн æхуæдæг дзуапп дæр раттуй: «Ци бон бацардтæ æма бацæруйнаг дæ, е æй карни лæвар. Сæумæбæл æмбæлæ цийнæгæнгæй, изæрæй ба Хуцаумæ исковæ æма ин райарфæ кæнæ, æнæнез æма ‘й сæрæгасæй ке фæццардтæ, уой туххæй...»***

# А ДУЙНЕБÆЛ ДЕССАГДÆР АМОНД – АЛКÆД РÆСТУОДÆЙ ЦÆРУН!..



**БИБУАТИ Иринæ,**
Цæгат Иристони Национ киунугæдони директори хуæдæййевæг

СÆБАНТИ БАРИСÆН æ сабийбонтæ раргъавтонцæ Устур Фидибæстон тугъди æма фæстугъди уæззау бæнттæ. Райдайæни ахур кодта æ райгурæн гъæуи астæуккаг скъолай, фæстæдæр ба рацйивта Дзæуæгигъæуи нæлгоймæгти 30-аг скъоламæ æма ‘й каст фæцæй сугъзæрийнæ майдани хæццæ. Дзæуæгигъæуи хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй финансон техникум дæр. Æ еци æнтæстдзийнади фæрци ин равгæ адтæй ескæци уæлдæр ахургæнæндонæмæ бацæуун æма æ равзурст дæсниадæбæл идарддæр ахур кæнунæн. Фал Барисмæ ба æндæр гъуди адтæй: техникуми ци зонундзийнæдтæ райста, уони практикон æгъдауæй банхæстдæр кæнуни зæрдтæй косунмæ рандæй Курски облæстмæ, уоми ‘й исиуазæг кодта финансон хайадæ, аккаг кустбæл æй бафтудтонцæ. Уæди рæстæги фæткитæмæ гæсгæ уоми бакосуни æмгъуд ку фæцæй, уæд æй райевдалдæй æ идарддæри ахури гъуддагмæ дæр – ахур кæнунмæ бацудæй сахар Ленинграды финансон-экономикон институтмæ æма уой дæр сурх дипломи хæццæ каст фæцæй 1959 анзи. Уæд уæхæн фæткæ адтæй, æма уæлдæр ахургæнæндонæ каст ка фæуuидæ, уони паддзахадон æгъдаумæ гæсгæ косунмæ æрвистонцæ, хъæбæрдæр си ка кæми гъæуидæ, нæ бæсти уæхæн рауæнтæмæ æма си гъæуама бакустайуонцæ бæлвурд рæстæг. Уогæ еци фæтки адтæй уæхæн гæнæн дæр, æма уæлдай хъæбæрдæр ка фескъуæлхидæ ахури, уони барæ уидæ, кумæ сæ фæндуй, уордæмæ æрвист куд æрцудайуонцæ, уотæ. Уæхæн барæ хаудтæй Сæбанти æригон специалистмæ дæр, æма е равзурста Цæгат Иристони финансти Министрадæ. Райдæдта си косун контролон-бæрæггæнæн управлений. Фал Барис хуæрзрæхги балæдæрдтæй, чиновник ун æма гæгъæдитæ рахатæ-бахатæ кæнун, уой куст ке нæй, ахургæнæги куст ин зæрдтагондæр ке æй, уой. Æма раййивта æ уарзон финансон техникуммæ, косун си райдæдта. Фæстæдæр ба, 1969-1972-аг æнзти куста сахар Косиной фæллойни райарæзт æма федуни Еугуруæрæсеуон наукон-æртасæн институти. 1976 анзи ба фæстæмæ раздахтæй сахар Ленинградмæ æма косун райдæдта финансон-экономикон институти. Дзæвгарæ æнзтæ æ наукон-педагогон архайд баст адтæй цæугæдон Невай билæбæл сахари хæццæ.

Санкт-Петербурги экономики æма финанси университети профессор, æхсæнадæмон конференцити разæнгардæй архайæг, адтæй сахар Ленинграды æнхæсткоми экономикон райарæзти Комитети консультант. Æ рæстæги ин Анатолий Собчак бæргæ гъавта бабарæ кæнун устур бунат, фал Сæбани-фурт нæ исарази æй – чиновники куст мин æцæгæлон æй, зæгъгæ, ин балæдæрун кодта. Фал уой хæццæ ба уæддæр исаразта агъазиау гъуддаг – бацæттæ кодта Ленинграды облæсти «Сæребарæ экономикон зонæ» - йи арфмедесгун æма лæмбунæг проект.

Профессор Сæбанти Барис æй дæсгай наукон кустити автор: «Социалистон паддзахади финансти модель», «Нуриккон Уæрæсей финанстæ» æма æндæртæ. Æ монографитæ æма ахургæнæн киунугутæбæл ахур кæнунцæ айдагъ студенттæ нæ, фал науки профессионалон къабæзти архайæг ахургæндтæ дæр.

Сæбанти Бариси æведуйгæ педагогон искурдиадæ, федар рæстзæрдæдзийнадæ æма уоди кæдзосдзийнадæ, куд наукон архайди, уотæ царди дæр, хумæтæгдзийнадæ æма адæмуарзондзийнадæ, адæймаги хуæздæр æууæлтæй кæрæй-кæронмæ æнхæст ке ‘й, уомæ гæсгæ ин кæддæриддæр устур кадæ кодтонцæ æма нерæнгæ дæр кæнунцæ айдагъ е ‘мкосгутæ нæ, фал æй нæ дзиллæй дæр кадæриддæр зонуй, етæ. Абони æ кæддæри ахурдзаутæй æй беретæ нур дæр ма нимайунцæ сæ ахургæнæгбæл. Барис æхе некæд некæмæй уæлдæр кодта, алке хæццæ дæр дзубанди кодта æмсæрæй æма ин æ еци адæймагон менеугутæ никки бæрзонддæр кодтонцæ æ кадæ адæми цæсти. Ахурти рæстæг арæхстæй еумæйаг æвзаг студенттæ, игъосгути хæццæ иссерунмæ, æма ин уомæ гæсгæ æ ном æ кæддæри студенттæ æма æмкосгутæ устур æхцæуæндзийнади хæццæ ракæнунцæ.

Æхуæдæг æнгъæл дæр нæ адтæй, уотемæй æй 1994 анзи байагурдтонцæ нæ республики фиццаг президент **Галазти Æхсарбеги** унаффæгæнæгæй. Кæми куста, уоми анзи бæрцæ командировкæ райста æма исæздахтæй æ минкъий райгурæн бæстæмæ. Ами айдагъдæр уой фæрци фæззиндтæнцæ уæхæн паддзахадон программитæ, куд, зæгъæн: «Нефть Осетии», «Горы Осетии», «Свободная экономическая зона», «Осетия, как зона отдыха и рекреации». Устур байвæрæн бахаста Цæгат Иристони нæуæг Конституци исаразуни гъуддагмæ дæр. Фал бабæй ами дæр Бариси зæрдæ фæцъцъæх æй чиновники кустæй æма еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте, ци ихæстæ ин барæгонд адтæй, уони гъæугæ хузи исæнхæст кæнгæй, Ленинградмæ бабæй рандæй.

Ленинград уæлдай зæрдтагон æй Сæбани-фуртæн. Ами каст фæцæй аспирантурæ, аци сахар ин фадуат равардта устур науки фескъуæлхунæн. Фал уæддæр...

– Æз Ленинграды фæццардтæн финддæс æма инсæй анзи, фал уомæй амондгундæр нæ фæдтæн, уомæн æма алкæддæр мæ зæрди тæгтæй баст адтæн Иристони хæццæ. Еунæг, цийфæнди бæрзонд бунат дæр æма профессионалон архайди уæлиаудæр рауæнтæ æрахæссун дæр нæ ‘нцæ уой аргъ, цæмæй дæ фидиуæзæгæй æма дæ ахилæй фæххецæн уай,- зæгъуй Сæбанти Барис.

Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон институти разамунди курдиадæмæ гæсгæ, профессор Сæбанти Барис фæстæмæ исæздахтæй Иристонмæ 2000 анзи æма косун райдæдта университети бундорбæл регионти райрæзти Институти.

– Мæ бон зæгъун æй, амондгун дæн, нæ бæсти тæккæ хуæздæр финансисттæй еуей хæццæ зонгæ ке дæн, уомæй, – зæгъуй Дзæуæгигъæуи разамунддæттуни институти доцент, экономикон наукити кандидат Хъулати Маргаритæ. – Нæуæгдзийнæдтæ царди рауадзунмæ ин æмбал нæййес, профессионалон зонундзийнæдтæ, финансон æхсæнади æ уæзæ устур кæмæн æй, еумæйаг культурон тухæ, гириз дæр ка лæдæруй. Бариси хæццæ косун æй бæрæгбони хузæн. Сæбани-фуртмæ ци фæндитæ ес, етæ царди уагъд ку ‘рцудайуонцæ, уæд, æвæдзи, Иристон айфонмæ адтайдæ, экономикон æгъдауæй, тæккæ раззагдæр регион.

Æма Хъулати Маргарити загъд гъудитæ ни æруагæс кæнунцæ, уомæн æма е еу рæстæг куста Бариси хæццæ, хуарз ин зонуй æ адæймагон уодиконд æма æ профессионалон æууæлтæ.





**Хуцаубони, 28 августи бæрæггонд цæудзæнæй шахтери Бон. Кæддæр æй Иристони дæр бæргæ цитгинæй бæрæг кæниуонцæ, фал абони ба... Шахтитæ нæмæ ку нæбал ес...**

***хатдзæгмæ: дуйней исцæттæ ‘й æбуалгъ тæрхони размæ æрлæуунмæ. Фуд æма хæранбæл ба æфтуйуй еу фæлтæрæй иннемæ! Нæ фидтæлти тæрегъæдтæ ке федæн, е нин фагæ нæй, фла ма федæни фæлтæртæн дæр ниуадзæн еци сахъæттæ, нæхуæдтæ ци тæрегъæдти бацудан, уони ма сæбæл æфтауæн, уотемæй».***



Еума æууæл ес Барисмæ. Цийфæнди æхсæнади ‘хсæн ку бафтуйа, уæддæр адæми æхемæ æлвасуй магнити хузæн. Алли гъуддаги дæр æй дæнцæн хæссуйнаг.

Цæгат Иристони Национ киунугæдони косгутæ æма еудадзугон кæсгутæн цийнаг æй еума гъуддаг: Сæбанти Барис ами айдагъ тæккæ разæнгарддæр киунугæкæсæг нæй, фал ма, ами ци дзиллон мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæми еузæрдиуондæр архайæг. Уæдта ма нæ хуæрзгæнæг дæр æй – нæ киунугæдонæн балæвар кодта, иссерæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн киунугути коллекци. Етæ аккаг бунат æрахæстонцæ, ци миллион æма æрдæг киунуги нæмæ ес, уони ‘хсæн. Се ‘хсæн ба ма ес, асæй хуæрзминкъий ка ‘й, уæхæн рауагъдтитæ дæр. Уæхæн ефстаг æма зиниссерæн киунугутæ сауæнгæ бустæги устур киунугæдæнтти дæр нæййес. Зæгъæн: «Капиталистон кредит» – æ автортæ Э.Я. Брегель æма Цæголти А.С. (М: Госиздат, 1939 анз). Специалисттæ куд нимайунцæ, уотемæй, еци киунугæн æ идеологон хай ку рагæлдзай, уæд ин æмбал нæййес абони царди дæр.

***

Сæбанти Бариси хæццæ нин нæ киунугæдони ахид фæууй зæрдæбæлдаргæ фембæлдтитæ, берæ цæмæдесаг хабæрттæ си фегъосæн. Мадта нæмæ ци аллихузон дзиллон мадзæлттæ арæзт æрцæуй, уонæй дæр, æвæдзи, еунæг дæр нæ разиндзæнæй, е зæрддонæй кæцими нæ фæййархайуй. Зæгъæн, фæстаг рæстæгути ахид дзубанди фæццæуй, мæнæ тугъди сувæллæнттæ ке хонунцæ, гъома, Устур Фидибæстон тугъд ке сабийдогæ рагъавта, уони карни туххæй. Мах дæр еци фарста нимайæн ахсгиагæй-ахсгиагдæрбæл. Æма уомæ гæсгæ исфæндæ кодтан, «Мæ сабийдогæ – тугъд», зæгъгæ, сæрмагонд проект исаразун. Æма Сæбани-фуртæй ку ракурдтан, цæмæй си е дæр байархайа, уæд уайтæккæдæр хъæбæр æхцæуæнæй исарази ‘й. *(Сæбанти Барис аци проектмæ сæ бийнонти архивæй ци къартæ равардта, уонæй цалдæр мухур кæнæн абони.)* Мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма æ архайди фæрци нæ проект зингæ фæммедесгундæр æй. Тугъди æма фæстугъди рæстæгути туххæй ци берæ цаутæ æма хабæрттæ ракодта, етæ уæлдай бæлвурддæрæй рабæрæг кодтонцæ, уæди кæстæртæ цæйбæрцæбæл зинтæ æма æгудзæгдзийнæдтæ бавзурстонцæ, фал уæддæр цæйбæрцæбæл хъаурæгин разиндтæнцæ уодикондæй, æма уæди гъезæмæрттæн ниффæразгæй, сæ карни гъуддæгутæ зæрдæмæдзæугæ аразунгъон разиндтæнцæ, куд фæззæгъунцæ, царди аккаг æма дзилли ‘хсæн федауцæ адæймæгутæй рагъомбæл æнцæ. Æ имисуйнæгти куд загъта, уотемæй уæлдай носвæд æ зæрди еци æнзтæ ниууагътонцæ се ’стонгдзийнадæй. Æвæдзи, уомæ гæсгæ, уæди кæстæртæ рабайлæгъ æнцæ уæлдай зæрдхæларæй, сæ уодиконди менеугутæй еу иссæй рæдаудзийнадæ – ескæмæн фæййагъаз кæнунæн, ести хуарзæй æй барæвдаун сæ тоги æй…

***

Номдзуд уруссаг финсæг Лев Толстой уотæ фæдзахста: «Берæ зонун хуарз æй, зæгъгæ, ка гъуди кæнуй, етæ рæдуйгæ кæнунцæ. Зонундзийнæдтæн сæ берæ нæ, фал сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ æй ахсгиаг…» Аци загъд уомæ гæсгæ æримистан, æма Сæбанти Барис ци берæвæрсуг зонундзийнæдтæй хайгин æй, етæ уотид агъазиау берæ нæ ‘нцæ, фал ма уой хæццæ ба сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ дæр уæлиауæй-уæлиаудæр æй. Е ба уæлдай бæлвурдæй рабæрæг уй, ескæмæн си рæдауæй ку фæддех кæнуй, уæд…

Уой зонетæ, æма «æрхæндæг» экономики туххæй дзорун æнгъезуй уоййасæбæл цæмæдесагæй, æма дзорæгмæ игъосунæй не ‘фсæддзæнæ? Мах дæр уой æнгъæл нæ адтан, цалинмæ Сæбанти Бариси финст киунугæ «Хейерхæфсæн экономикæ» («Занимательная экономика») нæ бакастæн, уæдмæ!.. Хейерхæфсæн, зæгъгæ, еци загъд уæмæ æгæр уæлæнгай ма фæккæсæд – аци киунугæ финст æй æнцонлæдæрæн æвзагæй, ци гъæздуг æрмæг си ес, е цæмæдесаг æй аллихузон дæнцитæй, цаутæ æма хабæрттæй, цæстуингæ æвдесæнтæй… Царди хатдзæгти, нæ уедæгти, нæ хестæрти, æхе æма ма нæ уодварни берæ æндæр ахсгиагдзийнæдти туххæй зæрдибун дзубанди нивæндуй æ иннæ киунуги, кæций исхудта «Мæ минкъий райгурæн бæстæ» («Моя маленькая родина»). Гъе уотæ зæрдæмæдзæугæ æма ахедгæ ‘нцæ æ киунугутæ «Æнзтæ æма адæм» («Годы и люди»), «Дигорай таурæхътæ æма æрцæугæ цаутæ» («Легенды и были Дигоры»).

Хумæтæги нæ фæззæгъунцæ, гъома, адæймаг искурдиадæгин ку уа, уæд ацъагъуæгин разиннуй берæ федауцæ гъуддæгути. Æма Сæбанти Барис дæр айдагъ науки не ‘скъуæлхуй, фал ма аййевадон исфæлдистади дæр – финсуй æмдзæвгитæ: зæрдæргом, уодибæстгин, агайæг… Райдзаст æрхæндæгæй си имисуй æ карни хæццæ æмцудгæнæг рæстæгутæ, зæрдæргомгæнæн дзубандитæ кæнуй æ фурти æгæрон æновуддзийнадæй куд уарзуй æ фидиуæзæг, райгурæн Дигорæ, æ дзиллæ, Иристони æмбæрцæ ин Уæрæсе дæр хъазар æй, уой туххæй.

Абони Барис пенсиесæг æй, фал ма æ алфамбулай адæми устур деси æфтауй æ цардбæллондзийнадæй, цæттæ кæнуй нæуæг киунугæ-æмбурдгонд: «Дигорон поэзи». Фиццаг хатт арæзт цæуй уæхæн фæлварæн æма нæ зæрдæ дарæн, киунугæ ку рацæуа, уæд æ фиццаг равдист махмæ Национ киунугæдони арæзт ке ‘рцæудзæнæй, уобæл, уомæн æма Сæбани-фурти хæццæ фембæлд махæн дæр æма нæ кæсгутæн дæр алкæддæр æрхæссуй устур æхцæуæндзийнадæ, куд хуæрззæрдæ, курухон æма рæдау уоди хецау адæймаг.

***

Исон, 28 августи Сæбанти Барисæн æ хеуæнттæ, æ берæ æрдхуæрдтæ æма зонгитæ, федарæй ни æруагæс кæнуй, зæрдиагæй арфæ кæндзæнæнцæ æ курухондзийнадæ æма æ царди устур фæлтæрддзийнадæ бæлвурдгæнæг цауи фæдбæл – æнхæст ибæл кæнуй фондз æма астинсæй анзи. Æмæ ин зæрдиагæй арфæ кæнæн:

– Барис, дæ уоди хъаурæ макæд байсусæд, де ‘сфæлдистадон тухæ ба фулдæрæй-фулдæр кæнæд!

Хуцау, Дæуæн табу, не ‘хсæн Сæбанти Михаили фурт Бариси хузæн фарнæхæссæг адæймæгутæ ке ес, уомæй!..



***Бибуати Иринæ æ очерки куд финсуй, уотемæй Сæбанти Барис разæнгардæй фæййархайуй, Национ киунугæдони ци аллихузон дзиллон мадзæлттæ арæзт фæццæуй, уонæми. Æма лæдæрд æй, ами ин æ юбилеймæ гæсгæ сæрмагондæй дессаги медесгун равдист ке исаразтонцæ, е.***







**Æвддæс æма æртинсæй анзей размæ Япониий хецауадон минæвæрттæ бафинстонцæ æнæрадзорæ-бадзори капитуляций акт æма уоййадæбæл фæцæй Дуккаг дуйнеуон тугъд.**

*Жюль Мишле (1798-1874), францызаг историк, публицист: «Райгурæн бæстæ, æхсæнади цард (æрдзи нихмæ сæ не 'вæрæн, уотемæй), - айдагъдæр етæ дæттунцæ адæми уоди фарнæн сæхе раргом кæнуни фадуат. Уоми 'нцæ наций царди ратæдзæнтæ, сæребарæ ирæзти надбæл æй ка исаразуй, етæ».*

# НЕДЗАМАНТИ ÆВДЕСÆНТÆ ÆГОМУГ НÆ 'НЦÆ...



Археологтæ Ирæфи райони рагон Сауари гъæуи рауæн æнхæст кæнунцæ зæнхæкъахæн куститæ. Экспедици, Александр Мошинскийи разамундæй аци куститæ æнхæст кæнун райдæдта евгъуд æноси 80-аг æнзти.

Айдагъ цуппар адæймагемæй арæзт ка адтæй, 1982 анзи ахургонд Цæгат Иристонмæ æрбацудæй уæхæн экспедицимæ. Райдайæни сгарæн куст банхæстгæнæг археологтæ фæстæдæр ке иссирдтонцæ, недзаманти еци цирты хæстæг рауæн адтæй гъæу.

– Аци цирт фæззиндтæй мах доги размæ æвдæймаг-цуппæрæймаг æности. Гъуддæгтæ куд æвдесунцæ, уотемæй, нæ бон иссерæн ке нæма 'й, æвдæймаг-æстæймаг æности ами адтæй уæхæн гъæу. Металлургон æма æндæр æрмадзтæ раргом кодтан. Аци æрмадзти 'хсæн разиндтæнцæ дорæй арæзт Хуцæутти фæлгонцтæ, – зæгъуй Александр Мошинский.

Ахургонди загъдмæ гæгæ, Сауари гъæубæл цæуй дууæ мин æма æрдæг анзи. Дуйней археологтæ кустадæй цæрæг рагон гъæу фиццаг хатт иссирдтонцæ.

– Гъæуи сæрти еудадзуг хъуæцæ калдæй. Армдæснитæ монон штамптæ аразтонцæ сæхецæн нæ, фал сæ уæйæ кæнунæн, – зæгъуй ахургонд.

Зæнхæхкъахæн куститæ æнхæст кæнгæй, археологтæ косунцæ белтæй нæ, фал айдагъ кæрдтæй (амунд уагæй косун зиндæр æй, фал, уæхæн хузи косгæй, æрмæг хуæздæр райертасæн ес). Æндæр бунæттæй æрбафтуйгæ дзаумæуттæбæл рагон циртити ахид исæмбæлæн кæд нæййес, уæддæр IV æноси хæстæг фæззиннæг циртити ке иссирдтонцæ, еци фæсарæйнаг фæрдгути нимæдзæ хъæртуй мингæйттæмæ. Аци æууæл дзорæг æй парахат базарадæ æма бунæттон адæми гъæздугдзийнадæбæл. Аци адæм ка адтæнцæ, уой нурма исбæлвурд кæнун гъæуй.

– Мах исæмбалдан хъобайнаг културæбæл, фал, аци адæм ка адтæнцæ, уой нæма зонæн. Цирти иссирд антропологон æрмæг æртасæн. Бунæттон адæм ке æнгæс адтæнцæ, уой исбæлвурд кæнунæн æндæр рауæнтæй ист зæнхæкъахæн кустити æрмæг дæр райертасуйнаг æй, – загъта Александр Мошинский.

# ÆНАМОНД КИНДЗÆХСÆВÆР

Азийхан ракувта, уæдта загъта:

– Хъазауат, мах еугурæй дæр гузавæ кодтан, дæу æвудæй ке бафхуардтонцæ, уобæл. Дæ агъæ нин адтæй зæрди нез. Хуцауæй боз, æгайтима уодæгасæй, æнæсахъаттæй ке райервазтæ еци гъезæмарæдонæй.

– Мæн исуæгъдæ кодта нæ бæсти Сæйраг тæрхондонæ, мæ политикон бартæ дæр мин раздахтонцæ, æртæ мæйемæн мин бафистонцæ улупа, уæдта æртæ анземæн уагъдон феддонтæ, дæн реабилитацигонд, – загъта Хъазауат.

– Е ба уæлдай хуæздæр. Уодзæнæ æмсæр иннæ тугъдонти хæццæ.

Фæцæнцæ аргъонцгæнæг æзгæ, цæстивард, тæнзæрдæ, алдзæн, Хъазауатæн æ изол, тæссаг нæдтæ.

Социалистон закъондзийнадæ фæддардта дæс анземæй фулдæр гъезæмарæдони исуйнаг, берæ зинтæ бавзарæг, Устур Фидибæстон тугъди барвæндонæй архайæг Хъазауати æвудæй.

Азийханетæй бацудæй, къæлитки фæйнæг рафтаугæй, сæ тургъæмæ. Уордигæй ба – æдзæрæг хæдзарæмæ. Сæ тумугъ биййнонтæй некебал исæййафта.

Дуæрттæбæл ауигъд къуматæ. Байгон сæ кодта æма æхецæн хуссæнуат баræвдзитæ кодта.

Еу сæумæ Азийхани хæццæ Хъазауат фæццудæй уæлмæрдтæмæ æма æ цæстисугтæй бафиста æ мадæ æма фиди, æнсувæрти, хуæри размæ æ ихæстæ. Зæрдхъурмæй фæллæудтæй æ фиди мадæ æма фиди фиди циртити уæлгъос.

– Цард идарддæр цæуй, – гъуди кодта Хъазауат.

Цалдæр боней фæсте районi æфсæддон комиссариатмæ фæххаста æ бæлврдгæнæн гæгъæдитæ æма 'й бахастонцæ тугъдонти номхигъдмæ, равардтонцæ ин тугъдони æвдесæндар. Иннæ рауæни ба ин иснисан кодтонцæ тугъдони пенси. Æ бæрцæ адтæй цæруни фагæ. Зуймон мæйти райдайæнмæ бауагъта æрдзон газ. Зæронд хускъæ бæлæстæ ракалдта, басугъта сæ, сæ фунук ба син бафснадта гъæцæнтæн. Сæ бæсти ба син нийййаразта уазал æма хорæнфæразон фæткъуй, кæрдтуй, æхсинцъий, абрикъоси, балий, гурдзиаг балий, сау хъæлæрдзий, дзæдури æма муркъи нæуæг бæлæстæ æма къотæртæ. Дуккаг анз райдæдтонцæ зайун. Рæзæ уæйæ дæр кодта, фал фулдæр иурста синхæнттæн, хеуæнттæн, зонгитæн, æгудзæг адæмæн. Æ тургъæ ба байдзаг кодта аллихузон деденгутæй.

Еу хатт Хъазауат тургъи деденгути хæццæ архайдта, уотемæй æ рæзти иссудæнцæ Мæдинæ æма Салауат. Мæдинæ къæндзæстугæй кастæй, фал Салауат ба кауæй райдæдта Хъазауати хæццæ æнæуинон дзубанди кæнун:

– Нæ ниййергути хæдзарæ æд цæрæн дæхе бакодтай.

– Мæн си берæ нæ гъæуй, райсæ 'й.

– Мæнæн политикон ахæсти хæццæ неци кустаг ес.

– Æз политикон ахæст нæ дæн. Уæрæсей Федераций Сæйраг тæрхондонæ мæ аллирдигæй дæр исраст кодта. Реабилитацигонд æрцудтæн. Салауат, æз дæу размæ нецæмæй фудгин дæн. Уой бæсти мæнæ дæ сувæллæнттæн деденгути садзæнтæ райсæ.

– Мæн сувæллæнттæ деденгутæ нæ хуæрунцæ.

– Дæ къахбæл ба, Салауат, къулух цæмæн цæуис?

– Цауæни фæццæф дæн. Куй къулухæй нæ мæлуй. Неци кæнуй.

Уой фæсте Салауат фæннæхстæр æй Мæдини фæдбæл.

Еу бон уæллаг синхæй фестæгæй цудæй Хъазауат. Надбæл ма адтæй, уотемæй райдæдта сахуарун карз дунги хæццæ. Æ цуд фæттагъддæр кодта. Еци рæстæг æй хуæдтолгæ мæлæтдзаг цæф никкодта. Æ марæг дæр не 'сбæрæг æй.

Хеуæнттæ, синхбæстæ, æцæгæлон адæм æй е 'носон бунати æ мадæ æма фиди фарсмæ бийвардтонцæ.

Уотæ фæцæй æ зæнхон цард гъæздуг зæрди хецау, аргъонцгæнагæ, кустæдахсæ, уæлæбæл зиндони дæс анземæй фулдæр æвудæй ка фæцæй, еци Хъазауат.

# ЦИРГЪЗУНД ЗАГЪДМÆ БАЙГЪОСÆ...

Соллогуб Александр Ивани фуртæн (зундгонд финсæг, А. Пушкини хуарз зонгæ Владимир Соллогуби фидæ) е 'нсувæри кизгæ адтæй, саурæсугъд кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн. Еууæхæни еумæ парки куд рацо-бацо кодтонцæ, уотæ сæбæл исæмбалдæй еу рæуæгсæр лæхъуæн æма фæрсуй:

– Загъай мин, дæхуæдæг фудконд ку дæ, уæд дæ кизгæ ба уæхæн рæсугъд кутемæй рауадæй?

– Уотæ дæр фæууй, – дзуапп равардта Соллогуб. – Ду дæр усæ ракорæ. Ка 'й зонуй, дæ цæуæт дæхецæй зундгиндæр рауайуонцæ.

* * *

Игъустгонд немуцаг химик Юстус фон Либихи (1803-1873) æ ассистент æнцад нæбал уагъта, дессаги тæнгъæдæ, дан, æргъуди кодтон.

– Цæбæлдæр бамбæлуй, уой уайсахат ратайун кæнуй! – нæбал æнцадæй ассистент.

Уæд æй Либих сабур гъæлæсиуагæй бафарста:

– Æма æй даргæ ба кæми кæнис, даргæ, еци дессаги тæнгъæдæ?

* * *

Игъустгонд францызаг финсæг Оноре де Бальзакмæ (1799-1850) æ лимæнтæй кадæр бæрæггæнæг бацудæй æма æй хъæбæр æгудзæгæй, æ зæрдæбæл хуæцгæй баййафта. Фæттарстæй ин:

– Ци кодтай, Оноре? Дохтирмæ фæдздзорон?

– Æз бæргæ неци кодтон, фал тæккæ аци рæстæг Горио рамардæй…

Дзубанди цудæй æ зундгонд уадзимиси сæйраг архайæгбæл.

* * *

Англисаг драматург Шеридан æ пьеситæй еуеми хъæбæр рафаудта парламенти куст. Депутаттæ имæ исмæстгун æнцæ, фæдздзурдтонцæ имæ парламентмæ æма си бадæмдтонцæ, цæмæй æ уæргутæбæл æрлæууа æма си хатир ракора. Шеридан син сæ тæрхон исæнхæст кодта, фал ку исистадæй æма æ уæргутæ ку æрцагъта, уæд загъта:

– Уæ Хуцау, ами куд цъумур æй, уотæ цъумур ма ескæми уодзæнæй!



Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1731**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.08.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.08.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

2022 АНЗ – УӔРӔСЕЙ АДӔМТИ КУЛЬТУРОН БУНДАЙРАДИ АНЗ

# Царди айдӕнӕ

Газет «ДИГОРИ» сӕрмагонд уӕлӕфтауӕн

№6, 27 август, 2022 анз. 0+





ДЗИУАТИ Батрази конд хузӕ «Изӕр Зӕрӕмӕги».



ДЗИУАТИ Батраз... Аци лӕг ка адтӕй, нӕ Иристони цардиуаги, нӕ национ аййевади ци бунат ахӕста, уой нӕ дзиллӕн амонун нӕ гъӕуй. Номдзуд хузӕгӕнӕг, ӕцӕг ирон лӕг, уой хъӕбӕр бӕлвурдӕй зудтонцӕ ӕма нерӕнгӕ дӕр ма ’й зӕрдтагонӕй имисунцӕ, лӕгӕй-лӕгмӕ ӕ хӕццӕ зонгӕ ка адтӕй, айдагъ етӕ нӕ, фал ӕй коййӕй ка зудта, етӕ дӕр... Хуӕрзаййев – ӕ бакаст, ездон – ӕ дзурд, рӕсугъд – ӕ рацуд, еузагъдӕй, ӕ ауунӕй дӕр ӕфсӕрми ка кодта, мӕ къӕхти буни ӕнӕрӕстӕфгӕй мулдзуг ку ниммарон, зӕгъгӕ, уомӕй тӕрсгӕй алкӕддӕр зӕнхӕбӕл гъавгӕй ка цудӕй... Хъӕбӕр зин ӕй зӕгъун, ӕма уӕхӕн хуӕдӕфсармӕ ӕма искурдиадӕгин фӕллойнӕгӕнӕг адӕймаг абони не ’хсӕн нӕбал ӕй. Уогӕ е дӕр раст загъд нӕй - Дзиуати Батраз абони дӕр не ’хсӕн ӕй – национ аййевади хӕзнадонӕмӕ ци агъазиау исфӕлдистадон хай бахаста ӕма ’й уомӕй зингӕ фӕгъгъӕздугдӕр кодта, уой фӕрци нӕ зӕрдити ӕма нӕ имисуйнӕгти цӕруй ӕма цӕрдзӕнӕй. Абони ба ’й имисӕн уомӕ гӕсгӕ, ӕма ӕрӕги, 12 августи Уӕрӕсей Федераций ӕскъуӕлхт хузӕгӕнӕг, берӕ Ӕхсӕндуйнеуон ӕма Еугуруӕрӕсеуон аййевадон равдистити уӕлахездзау Дзиуати Гибцой фурт Батрази райгурдбӕл исӕнхӕст ӕй цуппаринсӕй анзи (1942–2013). Уой фӕдбӕл ӕрмӕгутӕ мухур кӕнӕн 4–5-аг фӕрстӕбӕл.

## НОМЕРӔН



### Иронх нӕ ’нцӕ ӕ агъазиау хъиамӕттӕ...

Зундгонд ахургонд, филологон наукити кандидат, Цӕгат Иристони науки ӕскъуӕлхт архайӕг ХӔМИЦАТИ Алексейи кизгӕ Тамарӕ ӕ наукон карнӕ иснивонд кодта нӕ адӕмон исфӕлдистади хӕзнадзийнадӕ исбӕлвурд кӕнун ӕма ‘й багъӕуай кӕнуни сӕрбӕлтау.

Гъулӕггагӕн, Тамарӕ абони не ‘хсӕн кӕд нӕбал ӕй, уӕддӕр нӕ дзиллӕй иронх нӕ ‘нцӕ адӕми этнографи ӕма фольклори цардгъондзийнади сӕрбӕлтау ӕ агъазиау хъиамӕттӕ. Уомӕ гӕсгӕ имисӕн ӕма имисдзинан Хӕмицати Тамари рохс ном, уӕдта ма уомӕн дӕр, ӕма 31 августи ӕ райгурдбӕл ӕнхӕст кӕнуй дӕс ӕма цуппаринсӕй анзи (1932-2011). Уой фӕдбӕл ӕрмӕг кӕсетӕ 3-аг фарсбӕл.



### «Тӕходуйтӕ, адӕмӕн ести хуарз фӕуyo!..»

*ТЕТЦОЙТИ Таймураз*

***

Тӕходуйтӕ, ӕма дӕ царди
Адӕмӕн ести хуарз фӕуyo! –
Еци бӕлд, раст цума йе ‘рдхуардмӕ,
Ӕрбацудӕй мӕнмӕ хуӕддзо.

Фӕссурдта ми ме ‘ндӕр бӕлдтитӕ,
Ӕндӕр гъуди ӕма нинкъард,
Раст цума нихмӕлӕуд фӕндитӕ,
Бонгинау мин райста мӕ цард.

Фӕссурдта е мӕнӕй ристадӕ,
Мӕ зийнадӕ ӕма фӕллад,
Федӕнбонмӕ мӕнӕн фестадӕй
Мӕ цийнадӕ ӕма мӕ над.

Адӕм ба мин рӕдау сӕхуӕдтӕ
Фӕккӕнунцӕ ӕнхус ӕдзох,
Амонунцӕ фидау мӕ нӕдтӕ,
Фӕддӕттунцӕ зини сӕ къох.

Ка фӕййесуй стур уаргъ ӕхемӕ,
Ке райеуварс кӕнунцӕ ‘нцад,
Уӕхӕн сау биццеуау, мӕхемӕ
Ӕнӕбон ӕркӕсун стӕн хатт.

***Тетцойти Гацири фурт Таймуразы райгурдбӕл 1 сентябри ӕнхӕст кӕнуй сӕдӕ анзи (1922-2010). Уой фӕдбӕл ӕрмӕгутӕ кӕсетӕ 6-7-аг фӕрстӕбӕл.***

**Нæ рагфидтæлти фæдзæхститæй:**
*«Арвæй уæхæн дор не 'рхаудзæнæй, æма адæм ке нæ рарґъувонцæ!..»*
*«Хъæрæу загъта: «Над ин æз байамудтон, нур ба мæ цæун дæр нæбал уадзуй!..»*




КАЛМАНТИ Батыри конд хузæ «Къоста хуæнхæгти æхсæн».

# ЦÆРУНЦÆ ÆМА ИРÆЗУНЦÆ ЕУМÆЙАГÆЙ!..

## АДÆМОН ИСФÆЛДИСТАДÆ ÆМА АЙЙЕВ ЛИТЕРАТУРÆ – ХУÆРЗУАГОН ÆМДЗÆУИНТÆ



**ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег,**
(1912-1966)
финсæг, литературæртасæг

Уæди рæстæги ирон музыкæбæл ка куста, еци композитортæн сæ фулдæр базилдтонцæ сæхе Къостамæ, ирон адæмон исфæлдистадæ хуарз ке зудта, уомæ гæсгæ, цæмæй син фæййагъаз кодтайдæ хуæздæр адæмон зартæ равзарунмæ, уонæн сæ мелодикæ раст рартасунæн. Зæгъæн, зингæ гурдзиаг композитор Д. Аракешвили финсуй: «1902 анзи, Гурдзий берæ ку фæббалци кодтон, уой фæсте, æз мæ над ракодтон мæ райгурæн Дзæуæгигъæумæ, уоми мæ фæндадтæй ирон адæмон зартæ ниффинсун. Уоми мæ зонги хæццæ мæнæн мæ къохи бафтудæй Хетæгкати Къостай хæццæ исæмбæлун. Е адтæй, фудхузтæ, ниллæггомау, æ уæле цохъа. Не 'рбацуд Къостайæн адтæй хъæбæр æхцæуæн, хъæбæр дессаг имæ фæккастæй, цæй туххæй имæ бацудтæн, уой ку базудта, уæд.

– Хъæбæр æхцæуæн мин æй, – загъта Къоста, - ирон адæмон зартæ æмбурд кæнун фæндæ ке искодтай, е.

– Уотæ 'й, – равардтон дзуапп æз, – ирон адæми зартæ æнцæ гъæздуг æма мæ æлвасунцæ сæхемæ…

Еске ирон адæмон исфæлдистадæ, зартæ, музыкæ парахат кæнунбæл ку куста, уæд е Къостайæн алкæддæр уидæ æнæкæрон æхцæуæн æма уæхæнттæн Къоста алкæддæр цæттæ адтæй фæййагъаз кæнунмæ. Уой туххæй К.Атаров æ имисуйнæгти зæгъуй:«1902 анзи уалдзигон каникулти рæстæги Дзæуæгигъæуи гимназий хестæр кълæстæй еу къуар биццеуемæй, сæ разамонæг Петербурги консерваторий студент Павел Мамулов, уотемæй исаразтонцæ зарти къуар… Уони хъæбæр зæрдиагæй фæндадтæй сæ репертуармæ ирон зар бахæссун. Мамулов ци æрмæг æрæмбурд кодта, уомæ гъудæй æркæсун. Еци рæстæги, æрвистæй исæздæхгæй, сахари цардæй Хетæгкати Къоста, æма мах агъазагор бацудан уомæ. Къоста мах курдиадæбæл куд зæрдибунæй бацийнæ кодта, уой ку фæуу-идтан, уæд имæ кæсгæ байзадан. Куд хъæбæр уарзта Къоста æ адæми! Ирон зарти мотивтæ ку зардта, уæд æ цæсгон куд ниррохс уидæ, уой нур дæр не 'ронх кæнун, мæ цæститæбæл рагъазуй. П.Б. Мамулов ниффинста адæмон зартæ, уæдта сæ цуппар гъæлæсемæй нотитæмæ раййивта, æма сæ уæд мах æнтæстгинæй ахур кæнун райдæдтан. Нæ репетицитæмæ ахид цудæй Къоста æма нин лæвардта хъазар амундтитæ. Тагъд рæстæгмæ хор адтæй цæттæ концерт дæттунмæ, æма концерти эстради ирон зарти зæлланг райгъустæй 1902 анзи сæрди… Уотæ фæййагъаз кодта ирон зартæ парахат кæнунæн Хетæгкати Къоста».

Хетæгкати Къоста æ уадзимисти исфæлдистадон æгъдауæй пайда кодта ирон кадæнгити, аргъæутти, зæрти, таурæхъти, æмбесæндти медесæй, сæ формæй, сæ композицион арæзт æма сæ аййевадон мадзæлттæй.

Профессионалон кадæнгæгæнгутæн æма зартæгæнгутæн Къоста кодта хъæбæр устур аргъ. Худта сæ, сæ кадæнгитæ æма сæ зартæй мæгур адæми цард ка 'вдесуй, сæ зæрдити син тохи арт ка уадзуй, уæхæн адæмон поэттæ. Уæхæн профессионалон зартæгæнæги – фæндурдзæгъдæги хузæ Къоста равдиста æ кадæнгæ «Хъубады»-й.

Адæмон таурæхъгæнæг мæгур зæронд лæги хузæ Къоста исфæлгонц кæнуй дæсни хуарæнтæй æ иннæ уадзимис «Уæлмæрдты» дæр.

Къоста устур аргъ кодта Нарти кадæнгитæн, лæдæрдтæй син сæ историон æма аййевадон ахедундзийнадæ æма сæ æмбурд дæр кодта. Къостайæн æ дзиппидаргæ финсæн киунуги цубур финстæй æнцæ Нарти кадæнгитæ, фулдæр ба сæ сæйраг архайгутæ: Урузмæг, Батраз, Сатана, Сирдон. Е Нарти эпосæй иста хецæн кадæнгитæ æма си пайда кодта сюжетон æма æвзаги гъæздугдзийнади æгъдауæй. Зæгъæн, æ кадæнгæ «Уæлмæрдты» финст æй «Сослан мæрдты бæсты», зæгъгæ, уомæ гæсгæ.

Нарти æма Даредзанти кадæнгитæмæ гæсгæ Къоста ниффинста æ тухгин уадзимис «Лæскъдзæрæн» дæр. Адæмон легендитæмæ гæсгæ финст æнцæ Къостайæн æ кадæнгитæ «Хетæг» æма «Кæуæг айнæг».

Рагон номдзуд грекъаг финсæг Гомери эпоси дзурди дæсний, зартæгæнгути минæвар æй Арфей. Уой зарти муртæ уотæ тухгин адтæнцæ, æма денгизти ка накæ кодта, етæ дæр еци муртæмæ игъосгæй бафунæй æнцæ. Нарти кадæнгити уæхæн æмбесонди уадиндзæуарзæг адтæй Ацæмæз. Уой зартæй райгъал уиуонцæ æрдзи еугур цæргутæ дæр, кафун байдайиуонцæ сирдтæ, мæргътæ, сауæнгæ ма бæлæстæ дæр. Нарти Ацæмæзи уадиндзи муртæ, Арфейи фæндури хузæн, фунæй нæ кодтонцæ, фал адтæнцæ тухгин æма царддæттæг. Уæхæн æмбесонди гъæлæсмæ бæлдтæй Къоста дæр æма æ еу строфайон æмдзæвги финста:

*Рагон нæртон лæгау*
*зарын ку зонин,*
*Арвмæ ку хъуысид мæ*
*фæндыры хъазт, -*
*Дунеты се 'ппæт мæхимæ*
*æрхонин,*
*Радзурин уыдонæн зæрдæйы*
*маст.*

Къостай исфæлдистади уадзимистæн сæ дзæвгарæ хай баст æй адæмон исфæлдистади хæццæ. Уæлдайдæр ба зиннуй æ уæхæн финститæбæл: «Хъуыбады», «Фсати», «Лæскъдзæрæн», «Хетæг», «Уæлмæрдты», «Кæуæг айнæг», «Саг æмæ уызын», «Лæг æви ус», «Ахуыр», «Рувас æмæ зыгъарæг», «Булкъ æмæ мыд», «Марходарæг», «Æрра фиййау» æма æндæрти.

Зæгъун гъæуй уой, æма Къостайæн æхе исфæлдистадæй дæр берæ циргъ дзубандитæ ке бахизтæнцæ адæмон исфæлдистадæмæ. Уæхæнттæ æнцæ, зæгъæн:

*«Лæппуйæ рæдийаг*
*нæ вæййы æвзæр!..»*
*«Цы мæгуыр дæ иунæг,*
*дæ мад амæла».*
*«Ма худ аууонмæ æвзæрыл,*
*Хорзы-иу йæхи цур бафау!»*

*«Дунетæй хуæздæр куы*
*фестай,*
*Гъе уæддæр дæхи уд*
*ма стау!»*
*«Бирæгъ зыд кæй кæны, -*
*Чидæрид зоны».*
*«Дæ фыдæлтæ рухсаг,*
*Дæхæдæг мын бæзз!»*
*«Хивæндмæ дæ уайдзæф*
Худæгау кæсдзæн».
Æма уотæ идарддæр.

Къоста хъæбæр берæ уарзта ирон адæми зартæ æма сæ æхуæдæг дæр хъæбæр дæсни зардта. Уæхæн зартæ адтæнцæ «Онай», «Чепена», «Тауыче», «Сагъæстæ» æма æндæртæ. Уони ритмикон арæзт æнæмæнгæ фæббæрæг æй Къостай уадзимисти бæрцбарстбæл.

Зæгъун гъæуй уой, æма ирон зартæ æма мелодитæ ке исæвардтонцæ бæлвурд уагæ бæрцбарстæн. Е æй силлаботоникон бæрцбарст. Æрхæссæн дæнцæнтæ:

*«Онай, ой, аууæрдут,*
*уæрдджытæ.*
*Онай, ой, аууæрдут, аууæрдут!*
*Онай, ой, усгуры нымæт у,*
*Онай, ой, усгур та ахæм у,*
*Онай, ой, цæхæрцæст лæппу у!»*
(Онайы зарæг).

Аци зари ес бæлвурд бæрцбарст амфибрахи. Райсæн æндæр ирон адæмон зар «Цола». Аци зарæн æ бæрцбарст æй хорей. Æркæсæн имæ:

*«Ой, Цола, Цола, хъазтмæ нæ цæуы, гъей!*
*Уæрæйдæ, уæллаг сыхы ыстыр хъазт, гъей!*
*Уæрæйдæ, дæллаг сыхы тымбыл симд, гъей!*

Аци бæрцбарст никки фулдæр бæлвурд кæнуй ирон адæмон зар «Таучей»-й.

*«Цыллæ, дзыкку, Тауче,*
*Уой уæрæйдæ, Тауче!*
*Нарæг астæу, Тауче,*
*Уой, уæрæйдæ, Тауче!*

Ирон фольклорæн устур аргъ кодта поэт Къубалти Александр. Е берæ бакуста Нарти кадæнгитæ æма ирон адæми зартæ æмбурд кæнунбæл. Хецæн киунугæй æмдзæвгитæй финстæй уруссагау рауагъта Нарти эпосæй цалдæр кадæнги: «Рæсугъд Дзерассæ», «Уырызмæг æмæ Хæмыц», «Хуыцæутты куывд», «Æфсæроны фырт Алæф æмæ Созырыхъойы мæлæт».

Еци кадæнгитæ сюжетон æгъдауæй сæ еугур дæр æнцæ æмхузон, айдагъдæр сæбæл Александр бакуста исфæлдистадон æгъдауæй. Ирон зар «Æфхæрдты Хæсанæ»-мæ гæсгæ Александр ниффинста кадæнгæ, исхузæ кодта кадæнгæгæнæги хъæрæу Бибой сорæт:

*Гъе, хъæздыг куырм Бибо!*
*Гъе цытджын зæронд лæг!*
*Радта дын Уастырджи сау хъисæй хуыйысæр,*
*Радта зæрдæргъæвд, радта дын дзырдæргъæвд.*
*Фыдæлты кадджытæ се 'ппæт дæр куы зоныс,*
*Се 'ппæт дæр куы цæгъдыс сау хъисын фæндырæй!*

Аци кадæнгæй уæлдай ма Александр ирон фольклорæй райста сюжеттæ æ иннæ кадæнгитæ «Чермен», «Æлгъузы куывд» æма æндæртæй.

Ирон фольклори тæвагæ бахъæрттæй Гурдзибети Блашкай исфæлдистадæмæ дæр (е дæр æ поэтикон куст кæнун райдæдта Хетæгкати Къостай рæстæги).

Блашкайæн е 'сфæлдистади зингæдæр уадзимистæй еу æй кадæнгæ «Сахи рæсугъд». (Мухури хецæн киунугæй рацудæй 1903 анзи Дзæуæгигъæуи). Æ темæ æй хуарздзийнадæ æма лæгъуздзийнади 'хсæн тох; силгоймæгти лæдæрундзийнади нихмæ тох.

Раст аци уадзимиси сюжети хузæн æй «Даредзанты Хъарамäны фырт куыд фесæфтис», еци кадæнги арæзт дæр. Бæлвурд æй, Гурдзибети Блашка æ уадзимиси сюжет Даредзанти кадæнгитæй ке райста æма ибæл поэтикон æгъдауæй ке бакуста, е.

Уомæй уæлдай ма æ комеди «Æдули» æма е 'мдзæвгити дæр ахид пайда кодта адæмон æмбесæндтæй.

Устур аргъ кодта адæмон исфæлдистадæн финсæг Цæголти Геуæрги дæр. Е лæдæрдтæй ирон адæми аргъæутти Нарти кадæнгити æма бæгъатæрдзийнади зарти оптимистон хъаурæ, се 'цæгдзийнадон бæллец æма тугъдон седт нæуæг æрцæугæ рохс æма сæребарæ цардмæ.

Цæголти Геуæргийæн æ еугур исфæлдистади дæр æнцон рартасæн æй ирон фольклори тæвагæ. Е дæр, Къостай хузæн, устур кадæ кодта æма ахсгиаг бунат лæвардта адæмон зарæн, уидта, е фæллойнæгæнгути разæнгардгæнæг ке 'й сæ бартæбæл тохи, размæ æмпурсуни надбæл.

Адæмон исфæлдистадæ зиннуй е 'мдзæвгитæ, «Прометей», «Песнь Кудайната», «Рассказ дигорца» æма иннетæбæл дæр. 1912 анзи Цæголти Геуæргийæн мухури рацудæй æ киунугæ «Край беспросветной нужды», зæгъгæ. Аци киунуги дæр автор дзоруй Нарти æма æндæр кадæнгити ахедундзийнади туххæй.

***(Уодзæнæй ма.)***

**Идарддæр. Райдайæн уæлæфтауæн «Царди айдæнæ»-йи 5-аг рауагъди (2022 анзи 29 июли).**



# ИРОНХ НÆ 'НЦÆ Æ АГЪАЗИАУ ХЪИАМÆТТÆ



**САУТÆТИ Тамилæ**
Цæгат Иристони æскъуæлхт журналист

ФОЛЬКЛОРИСТ исун æнцон гъуддаг нæй, ирон фольклор æртасæг ба – никки зиндæр, уомæн æма аци наукæ туъди фæсте æнзти райдæдта æ фиццаг къахдзæфтæ кæнун æма, ирон фольклор, еци дзамани, евгъуд æноси 60-аг æнзти уæнгæ ка æмбурд кодта Иристони, еци адæймæгутæ берæ нæ адтæнцæ. Хæмицати Тамарæ сæ зудта сæ куститæмæ гæсгæ. Фиццаг ирон фольклористтæ Æлборти Барисби, Дзагурти Геуæрги æма Абайти Васой хæццæ ба косгæ дæр ракодта. Тамари зæрди аци æртæ ахургонди ирд фæд ниуугътонцæ æма сæ хъæбæр арфиагæй ахид имиста.

– Фольклормæ мин мæ зундирахасти айдагъ устур цæмæдесдзийнадæ не 'ссугътонцæ, фал ма мæнæй дæр ахургонд исаразтонцæ, – уотæ зæгъидæ Тамарæ æ зонгитæн, е 'мкосгутæн.

Хæмицати Тамарæ æ цард иснивонд кодта нæ адæми фольклор æртасун кустæн. Берæ æнзти дæргъи ахур кодта историон фольклор, уой фæсте е 'ртасæн кустити «тиллæг» равдиста монографити: «Историко-песенный фольклор осетин» æма «Осетинская народная поэзия»-йи.

Хæмицати Алексейи кизгæ Тамарæ райгурдæй Дзæуæгигъæуи 1932 анзи. Ами 1948 анзи сугъзæрийнæ майдани хæццæ каст фæцæй 3-аг скъола æма идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй Михаил Ломоносови номбæл паддзахадон университети филологон факультетмæ. Уоми дæр бабæй æнтæстгинæй исахур кодта æма æрвист æрцудæй æ райгурæн Иристонмæ, райдæдта Сунжи астæуккаг скъолай уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæгæй косун. Æма цуппар анзей дæргъи Дзæуæгигъæуæй Сунжæмæ косунмæ цудæй, æвадуат нæдтæбæл рахауæбахауæ кæнгæй. Фал, æ ахурдзаути æма æ куст уотæ берæ уарзта, æма имæ еци зинтæ нимади дæр нæ адтæнцæ.

Æ кустæй, ку зæгъæн, кæд боз адтæй, уæддæр ин уадзгæ рауадæй – рагæйдæр бæлдтæй наукон кустмæ. Æма 1959 анзи бацудæй аспирантурæмæ. Еци рæстæг æ цард байеу кодта Харькови юридикон институти рауагъдон Миндзайти Айдарухъи хæццæ. Цардæнцæ бараки еу азгъунсти, фал сæмæ уæддæр зæрдиагæй исбоц кæниуонцæ, Иристонæй сæмæ ци иуазгутæ фæззиннидæ, уони. Куд дигорон силгоймаг, уотæ син Тамарæ лæггадæ кæнидæ, æхе гъуддæгутæ фæуударзидæ, уотемæй. Айдарухъ Тамарæн устур нифс адтæй, багъæуаги ин агъаз кодта æ кусти дæр.

Хæмицати Тамарæ 1969 анзи Мæскуй Максим Горькийи номбæл Литературон институти багъæуай кодта кандидатон диссертаци «Исторические песни осетин», уæдта косун райдæдта Абайти Васой номбæл гуманитарон æртасæн институти. Тамарæ æ наукон-æртасæн куст айдагъ институти къабинети не 'нхæст кодта, фал фулдæр рæстæг æрмæг æмбурд кодта Цæгат æма Хонсар Иристони хуæнхаг гъæути. Цуппар хатти (1968-1988-аг æнзти) архайдта фольклорон-этнографион экспедицити. Ци æрмæг æрæмбурд кодта, уой бундорбæл Тамарæ бацæттæ кодта сæдæ наукон-æртасæн кусти нæ адæмон фольклори алли жанртæй æма æрбацæттæ ка æй, сæ мухури рауагъта аллихузон наукон журналтæ æма æмбурдгæндтити.

Уотæ зæгъæн ес, æма Хæмицати Тамарæ исæвардта бундор нæ адæми цардиуаги поэзи æма историон фольклори æртасуйнадæн. Еци бундор ба цæйбæрцæбæл агъазиау рауадæй, уомæн ба æвдесæн, ци цуппаринсæй наукон кустемæй фулдæр бацæттæ кодта. Уони нимæдзи -: «Особенности жанра исторических песен», «Осетинская народная поэзия», «Осетинские детские песни», «Семейно-обрядовая поэзия осетин», «Осетинская календарная поэзия весенне-летнего цикла», «Осетинская свадьба», «Итоги и проблемы развития осетинской фольклористики» æма æндæртæ.

Ахургонди наукон кустити æхсæн устур бунат ахæссунцæ, нæ адæмон исфæлдистадæ æртасунбæл æма багъæуай кæнунбæл уодуæлдайæй ка архайдта, еци ахургæнди цард æма исфæлдистадон фæллойни, уæдта нæ игъустгонд кадæнгитæгæнгути туххæй финст уадзимистæ: «Æлборти Б.А. – ирон фольклор æмбурдгæнæг æма æртасæг», «В. Миллер æма ирон фольклор», «Дзагурти Г.А. – ирон фольклор æмбурдгæнæг æма æртасæг», «Кадæнгæгæнгутæ: Дедегкати Дзамболат æма Хъалæгати Иналдихъой туххæй»...

Æнæзæгъæн нæййес, историон фольклори ци берæ фарстатæ ес, етæ фиццагидæр Хæмицати Тамари кустити разиндтæнцæ ирдæй æма сæ ахедундзийнадæй ахсгиаг æнцæ абони дæр. Ирон адæми цъухæй дзоргæ исфæлдистади æвдист ка цæуй, еци историон хъайтарти фæлгонцтæмæ дæр е 'ргом еугурей разæй Тамарæ раздахта. Берæ æнзти дæргъи Иристони еугур кæмтти æма рæбунти æмбурд кодта æма финста зартæ, таурæхътæ, аргъæуттæ, бацеу-бацеутæ. Еу æма дууæ хатти не 'мбурд кодта этнографион æрмæг Абайти Васой хæццæ. Хуæнхон къахнæдтæй кæцибæл нæ рацудæй, уæхæн, æвæдзи, нæ разиндзæнæй.

Хæмицати Тамарæн 1999 анзи институт разамунд байхæс кодта Нарти кадæнгити текстæ мухурмæ бацæттæ кæнун. Аци бæрнондзийнадæ институти разамунд Тамарæн уомæн бабарæ кодтонцæ, æма ин æ профессионалон цæттæдзийнадæ æма арæхстдзийнадæ, æ наукон гъомус зудтонцæ. 2001-2011-аг æнзти уæнгæ ахургонд бацæттæ кодта æма мухури рауагъта Нарти кадæнгити æхсæз томи. Къохфинстæй цæттæ адтæй æвдæймаг том дæр. Текстæ профессионалон æгъдауæй уотæ бæлвурд æма лæмбунæг адтæнцæ, æма син æмбал нæ адтæй.

Еци киунугутæй уæлдай ма Тамарæ бацæттæ кодта Нарти кадæнгити академион рауагъд æртæ томемæй. Фиццаг томи æмбурдгонд æнцæ Нарти кадæнгити зингæдæр сюжеттæ нæ маддæлон æвзагбæл. Дуккаг томи – фиццаг томи тексти наукон тæлмац æма æртиккаг том ба арæзт æй комментаритæй. Абони уæнгæ дæр аци æртæ томи Нарти кадæнгитæ æртасгутæн æнцæ устур агъазгæнæг сæ наукон кусти. Тамари фæрци, аргъ кæмæн нæййес, еци нæ Нарти кадæнгити текстæ дуйнеуон науки хæзнадонæмæ хаст æрцудæнцæ.

Текстти хæццæ косун æнцон нæй. Уой, æвæдзи, балæдæрдзæнæй, архивти, зин лæдæрæн къохфинститæ æма рагон, сæ «фуркаргунæй» ка исбор æй, еци æвдесæнти сифтæ берæ мæйти дæргъи ка фæррахатæ-бахатæ кодта, айдагъдæр уæхæн адæймаг. Аци архайд Тамари æнæнездзийнадæбæл фæббæрæг æй. Æ цæститæ гъигæдæр æрцудæнцæ æма ин сæ операци кæнун багъудæй. Фал операций фæсте дæр бабæй æ кустмæ раздахтæй. Куста æвæллайгæй. Бонæй-бонмæ е 'нæнездзийнадæ лæгъузæй-лæгъуздæр кодта, риститæ нæ сабур кодтонцæ, хуастæ ин нæбал агъаз кодтонцæ, уæддæр æ куст нæ уагъта. Е 'мкосгутæ ин дзориуонцæ, цæмæй æхебæл еуминкъий уæддæр байауæрда, бауолæфа, фал син уотæ зæгъидæ:

– Мæлæтæй æз нæ тæрсун, æнæуойдæр, цæйбæрцæ мин гъудæй, уомæй фулдæр фæццардтæн, тæрсун айдагъдæр уомæй, æма мæ куст кæронмæ ку нæ фæуун...

Æ уодуæлдай хъиамæтти фæрци æ къохи бафтудæй Нарти кадæнгити æхсæз томи кæрæй-кæронмæ бацæттæ кæнун. Нарти хъайтартæбæл Тамарæ алкæддæр дес кодта, æма æхуæдæг дæр уæхæн нæртон гъæддух удигъæдæ равдиста.

Хæмицати Тамарæ ма 'й берæ киунугути раздзубандити автор дæр. Се 'хсæн: «Хроника литературной жизни Осетии», киунугæ «История советской многонациональной литературы», «Историко-песенный фольклор Осетии», киунугæ «Героико-исторический эпос народов Северного Кавказа», «В.Миллер – выдающийся деятель русской науки и культуры», киунугæ «В горах Осетии», «Библиография по осетинскому нартскому эпосу», киунугæ «Сказания о нартах», «Эпос народов Северного Кавказа».

Тамарæ берæ финсгутæ, ахургæндтæ, адæмон зартæгæнгутæ æма кадæнгитæгæнгутæбæл ниффинста уацтæ: Гурдзибети Блашка, Малити Геуæрги, Антон Чехов, Хъулати Созурихъо, Всеволод Миллер, Дзести Кудзæг, Æлборти Барисби, Дзагурти Геуæрги, Абайти Васо æма берæ æндæр зундгонд адæймæгутæбæл.

Берæ æнзти дæргъи Тамарæ разамунд лæвардта Цæгат Иристони Абайти Васой номбæл социалон æма гуманитарон æртасæнти институти фольклор æма литератури хайадæн. Науки устур хуæрзти бацудæй Хæмицати Тамарæ æма æ фæллæнттæн аргъгонд дæр æрцудæй. Исаккаг ин кодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий науки æскъуæлхт косæги ном.



***ХЪАНУХЪТИ Зæлинæ,***
*Абайти Васой номбæл гуманитарон æма социалон институти (ЦИГСÆИ) директор:*

– Тамарæ æ кустмæ устур бæрнонæй кастæй. Институт ин ци байхæс кæнидæ, еци гъуддаг исæнхæст кæнидæ æнайиеппæй. Фæстаг æнзти уæззау сæйгæ уогæй, Нарти кадæнгитæбæл косун райдæдта. Саумæнгæ, онкодиспансери хусгæй дæр æ куст нæ ниууагъта. Сæйгæдонæмæ фæххæссидæ æ косуйнæгтæ æма уоми архайидæ. Хъæбæр тухстæй, ку нæ фæууа æма æ нез нецæмæ даргæй куста æнæрæнцайгæй.

Æхсæз томи кæрæй-кæронмæ бацæттæ кодта, фал æвдæймаг томбæл бакосун æ къохи нæбал бафтудæй. Рагъуди кæнайтæ, уæхæн уæззау сæйгæй е ци устур куст бакодта, уобæл. Зудта, лæдæрдтæй, незы дзæмбутæй ке нæбал фæййервæздзæнæй, фал уæддæр æ ихæс исæнхæст кодта. Æвдæймаг томбæл нæхуæдтæ бакустан. Æма нур архайдзинан Нарти кадæнгити авд томи дæр англисаг æвзагмæ ратæлмац кæнунбæл. Нарти кадæнгитæ дуйней адæмти эпоси зингæ бунат байахæстонцæ æма еци æскъуæлхтдзийнадæ, æнæмæнгæ, Хæмицати Тамари æнтæстдзийнадæ 'й.



***СОКАТИ Дианæ,***
*ЦИГСÆИ-и хестæр наукон косæг:*

– Инсæй анзи мин разамунд лæвардта хайади Хæмицати Тамарæ. Е ци гъæздуг адтæй зонундзийнæдтæй, уомæ ци устур фæлтæрддзийнадæ адтæй фольклор æмбурд кæнуни кусти, уæхæн хъаурæ берæ ахургонд силгоймæгтæмæ нæ разиндзæнæй. Тамарæ къахфехсуд бацæй Иристони кæмттæбæл. Аллирауæн дæр ибæл бунæттон цæргутæ цийнæгæнгæй æмбалдæнцæ. Алке зæрдæмæ дæр зудта над иссерун. Æз мæхе хъæбæр амондгунбæл нимайун, Тамари хæццæ цуппар хатти адтæн фольклорон экспедици. Дууæ хатти – Курттати коми, дууæ ба – Дæргъæвсгоми. Ци берæ æрмæг æрæмбурд кодта, етæ абони 'нцæ института архиви. Фольклор æмбурд кæнуни дæсниадæ ин Хуцауæй лæвæрд адтæй. Уотæ зæгъæн ес, æма Тамарæ ку нæ адтайдæ, уæд сæ фулдæр рæстæгти фæлми ранигъулдайдæ. Тамарæн устур аргъ кодтонцæ Мæскуй, Максим Горькийи номбæл Литературон институти. Æ профессионалон цæттæдзийнадæ æма зонундзийнæдтæ дæнцæнæн хастонцæ мæскуйаг ахургæндтæ дæр.









# Æ ЦАРД ИСНИВОНД КОДТА АЙЙЕВАДÆН



ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат
финсæг,
публицист

Нæ национ хузæкæнуйнади аййевадæмæ устур æвæрæн ка бахаста, уонæй еу адтæй Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæг Дзиуати Батраз. Гъулæггагæн, къуар анзей размæ не 'хсæнæй фæгъгъудæй цардгъæуагæй, фал е хузæкæнуйнади аййевадæмæ ци берæ агъазиау гъæздуг исфæлдистадон бунтæ бахаста, уони хæццæ æ ном дзиллити зæрдити æностæмæ ке цæрдзæнæй, уобæл абони махæй дузæрдуг неке кæнуй.

Батраз, айдагъ зундгонд хузæгæнæг нæ адтæй, фал ма е хайгин фæцæй, ирон лæгмæ цидæриддæр хуарз менеугутæ фæууй – лæгдзийнадæ æма рæстдзийнадæ, æ загъдæн хецау ун, нæ ирон фарнæн зæрдиагæй балæггадæ кæнун – уонæй сæ еугуремæйдæр.

Дзиуати Батраз райгурдæй 1942 анзи Зæронд Санибай гъæуи. Черменигъæуи астæуккаг скъола каст фæцæй 1964 анзи. Уой фæсте федæни устур хузæгæнæг идарддæр ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй полиграфион институтмæ. Профессор А.Д. Гончарови студимæ ке бахаудтæй, уомæй æхе худта уæлдай амондгундæр.

Ахури фæсте Дзиуати Батраз Иристонмæ ку исæздахтæй, уæд æ еугур цард дæр иснивонд кодта аййевадæн. Аллихузон аййевадон равдистити æма конкурсти архайунæй идарддæр е устур æргом раздахта киунугутæн хузтæ кæнунмæ дæр. Уæлдай хуæздæр, зæрдæмæдзæугæдæр адтæнцæ æ хузтæ ирон аргъæуттæ æма таурæхътæмæ гæсгæ. Хузæкæнуйнади æма графики аййевади ин æ куститæ æрагурдтонцæ Уæрæсей культури Министради, Дзæуæгигъæуи æма нæ бæсти алли сахарти аййевадон музейтæ. Батрази куститæ 1972-1989 æнзти æвдист æрцудæнцæ Уæрæсей æма уæди Советон Цæдеси хузæгæнгутæн фæсарæйнаг бæстити Мозамбики, Конгой, Люксембурги, Франций, Канади, Венгрий, Югославий, Индий, Великобританий, Ливий, Чехословакий, Болгарий, Германий, Испаний ци хузти равдиститæ адтæй, уоми.

Батраз фæстаг æнзти е 'ргом фулдæр раздахта декоративон аййевадæмæ. Æ уадзимисти тематикæ æма жанр адтæй аллихузон: историон хузæ, портрет, пейзаж, натюрморт.

1993 анзи Дзиуи-фуртæн Дзæуæгигъæуи сæрмагондæй равдист арæзт ку 'рцудæй, уæд ин еци анз исаккаг кодтонцæ Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæги кадгин ном.

Зундгонд хузæгæнæг ци сæдæгай уадзимистæ исфæлдиста, уони 'хсæн уæлдай зингæдæр бунат ахæссунцæ æ конд хузтæ: «Царди бæласæ», «Иристони нана», «Мадæ», «Ацæмæз», «Тиби гъæу», «Мæ сабийдоги бæласæ», Зилахар», «Мадæ æма æ хъæболæ», «Зар», «Изæр Зæрæмæги», «Таурæхъгæнæг» æма æндæртæ.

Батрази алкæддæр сæхемæ æздахтонцæ ирон адæмон аргъæутти, кадæнгити æма таурæхъти мифологион сюжеттæ. Е 'сфæлдистадæбæл æнæфæззингæ нæ фæцæнцæ европаг мифологион традицитæ дæр, фал Дзиуифурти зæрди уæлдай арфдæр бунат ахæстонцæ Нарти кадæнгитæ æма дуйней иннæ адæмти фольклор. Еци-еу рæстæг е 'ргом хъæбæрдæр раздахта нуриккон тематикæмæ дæр æма абони царди мотивтæмæ гæсгæ ци берæ аллихузон хузтæ исаразун бафтудæй æ къохи, етæ дæр зингæ бунат байахæстонцæ нæ ирон аййевади.

Хузæгæнæг цидæриддæр исфæлдиста, уоми бæлвурдæй зиннунцæ æ ирд искурдиадæ, æ гъæздуг меддуйне æма уодигъæдæ.

Дзиуати Батрази берæвæрсуг













исфæлдистадæбæл адæймаг æ цæстæ бæлвурдæй ку рахæсса, уæд имæ æ берæ фудæбæнттæ фæккæсунцæ мæнæ мудибиндзи гъезæмарау. Мудибиндзæ дæр деденæгбæл ку æрбадуй æма ин е ‘рдзон адæ ку балæдæруй, уæд си нæбал æма нæбал фефсæдуй ниуазунæй.

Алли деденæгæн ба фæууй æхе æрдзон адæ, æма уонæй æ мондæгтæ ку исуадзуй, уæд си æрæмбурд кæнуй, зæгъæн кæмæн нæййес, уæхæн дессаги зæрдæскъæфгæ адгин муд.

Уæхæн муд ба адæмæн æвдадзи хуасæ ‘й.

Зин, хъæбæр зин æй, Дзиуати Батрази хузæн – хуæрзаййев æ бакаст, ездон – æ загъд, рæсугъд – æ рацуд, еузагъдæй, æ ауунæй дæр æфсæрми ка кодта, æнæргъудийæй мæ къæхти бунмæ мулдзуг ку фæккæнон, зæгъгæ, уомæй тæрсгæй, алкæддæр аци зæнхæбæл гъавгæй ка цудæй, уæхæн хуæдæфсармæ æма искурдиадæгин хузæгæнæг не ‘хсæнæй цардгъæуагæй ке фæгъгъудæй, е.

Фал ни нифс ес, Батразæн æ кизгæ искурдиадæгин хузæгæнæг, журнал «Ногдзау»-и аййевадон æма техникон редактор Дзиуати Земфирæ æ фиди фарнæ фæккеун ке нæ бауадздзæнæй, æма æ фидæн æ къохи исаразун ци нæ бантæстæй нæ ирон хузæкæнуйнади аййевади, уомæн етæ æ къохи хуарзæй исаразун ке бафтуйдзæнæнцæ.

Æвæдзи, цал æма ма нин цал арфгъудигин уадзимисæй барохс кодтайдæ Батраз нæ зæрдитæ, фал ци загъдæуа хъисмæтæн. Æгæр раги ин фескъудта æ цард, æма уобæл нæ зæрдитæ ресунцæ æма ресунцæ…

Дзиуати Батрази гъæздуг æма берæвæрсуг исфæлдистадæ рахизтæй нæ минкъий Иристони арæнтæй. Хузæгæнæги ном зундгонд иссæй Уæрæсей æма фæсарæйнаг бæстити цæрæг аййевадæуарзгутæй беретæн.

Æнæмæнгæ, гъæздуг, цæстахедгæ, берæкъабазгин æма агъазиау æй Дзиуати Батрази исфæлдистадæ. Е устур бунат ахæссуй нæ адæми культури хæзнадони. Æма Батраз кæд абони не ‘хсæн нæбал æй, уæддæр ин адæм устур зæрдиагæй зонгæ кæнунцæ æ зæрдæмæгъаргæ конд хузти хæццæ, æхцæуæнæй ин æримисунцæ æ ном.

Исфæлдистадон косæг ба фæццæруй уæдмæ, цалинмæ ин адæм æ аййевади хæццæ фæззонгæ кæнунцæ. Уомæ гæсгæ нæ бон зæгъун æй уотæ, æма абони дæр æма федæни фæлтæртæн дæр сæ хæццæ ке цæрдзæнæй Батраз.



**ЦГЪОЙТИ Хазби,** ***финсæг, публицист, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат:***

*– Дзиуати Батрази уадзимисти сæйраг бæгъатæртæ иссæнцæ фæллойнæгæнæг адæм, сæ цийнæ æма зиндзийнæдти хæццæ, е ‘сфæлдистади сæйраг темæ – аллибони цард, æ ихæстæ æма цийнæдзийнади хæццæ. Иристони абони æма евгъуд догæ хузæгæнæгæн алкæддæр адтæнцæ æнæисусгæ исфæлдистадон саугæдонæ, гъæздуг æрмæг. Сувæллонæй æ зæрди байзадæнцæ адæмон таурæхътæ, бæрæгбæнттæ, игъæлдзæг гъæзтитæ, Иристони æрдзи хузтæ æма сæбæл алкæддæр гъуди кодта курухон лæги хузæн, æма ин устур агъаз адтæнцæ е ‘сфæлдистадон кусти.*

*Дзиуи-фурти исфæлдистадæ æ райдайæнæй фæстæмæ æй арфгъудигин æма царди æцæгдзийнадæбæл дзорæг.*

*… Мæскуй полиграфион институти Дзиуати Батрази ахургæнæг, профессор Андрей Гончаров ин æ курсон куститæмæ (Хетæгкати Къостай радзурд «Дзæбидырдзуан»-мæ гæсгæ конд хузтæ) ку æркастæй, уæд арф нигъгъудигæнгæй, загъта: «Такие таланты рождаются раз в сто лет!..» Æма æ еци загъд цæйбæрцæбæл раст адтæй, е ба бæлвурд рабæрæг æй, Дзиуати Батраз нæ национ хузæкæнуйнади аййевади хæзнадонæмæ æ уæлиаутæй-уæлиаудæр искурдиадæгин исфæлдистадæй ци агъазиау æвæрæнтæй фæгъгъæздугдæр кодта, уомæй дæр.*











Дигорай Тетцойти Таймураз кæми райгурдæй, еци хæдзарæ.



Поэти мадæ Тамарæ.

# КУД ÆХСИЦГÆ НÆ ГЪÆУИС, ТАЙМУРАЗ!..



**КОЛИТИ Витали,**
финсæг, публицист

Исфæлдистади гъуддаг уотæ ʼй, æма еуемæн æнцонтæй æнтæсуй аййевади бæрзæндтæмæ исгæпп кæнун. Неци си гъæуй, устур тухæ æвзаруни сæр дæр си, мадта, нæ гъæуй, айдагъдæр, «нæ-най» æмдзæвгитæ финсун зонæ, кæми гъæуа, уоми хецауади зæбæттæ дæр растæрисæ, сæ «зундгин» дзубандитæй син цитатитæ дæр æрхæссисæ æма дæ поэтикон надбæл сгæлладæ итуд. Кадгин нæмттæ æма хуæрзеугутæ дæр дæхе, дæ киунугути нимæдзæ дæр дæсгæйттæ.

Иннетæ ба равзарунцæ æцæг поэзий над – зин æма гургъахъ, сæ къахи бунтæ æма нихбунтæ цармæстъигъд кæми баунцæ, уæхæн над. Уонæмæ нæдæр хецауадæ се ʼргом некæд æздахуй, нæдæр сæ доги цæстиварди фæуунцæ, нæдæр ба сæ цардиуаги фæрæзнитæ рæвдзæдæр нæ фæуунцæ, мадта хуæрзеугутæй дæр цохæй байзайунцæ.

Айдагъдæр син æрдзæ исаккаг кæнуй е ʼсфæлдистадæн еунæг хуæрзеуæг – æносондзийнадæ. Фæстаг къуармæ хауй поэт Тетцойти Гацири фурт Таймураз дæр. Æрдзæй ин егъау искурдиадæ уогæй, поэти багъудæй царди цифуддæр нæдтæбæл рацæун. Ци нæ лæкъун дони банадæй, ци хъицудæнттæ нæ бавзурста, уæхæн ин, æвæдзи, нецибал байзадæй, фал сæбæл сæрустурæй фæуугæлахез æй, нæ бакумдта сæттун цъамайрадæ æма хæрандзийнадæн, уотемæй æдæрсгæй, размæ цудæй еу поэтикон уæлахезæй иннемæ. Уой медæги æй Таймурази æскъуæлхтдзийнадæ куд поэт æма адæймаг, уотæ.

Таймуразбæл аци анз 1 сентябри исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи. Æма кæд цалдæр анзи рацудæй, кæдæй не ʼхсæн нæбал æй, уæдæй, уæддæр ма цардæгасæй æристуй нæ цæстити рази, никки æнæмæлгæдæр ба ʼй кæнунцæ, æ уоди артæй ци зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгитæ исфæлдиста, етæ. Таймурази поэзий байеу æнцæ: уарзт æма лæгдзийнадæ, нифс æма æ рæстзæрдæ æууæнкæ, сæребарæбæл тох æма лæгæхсарæ. Еунæг æмдзæвгæ дæр имæ уæхæн не ʼссердзæнæ æма адæймаги арф сагъæстæбæл ка нæ бафтауа. Поэти фиццаг киунугæ «Æмдзæвгитæ» мухури рацудæй 1949 анзи. Уæдæй фæстæмæ еу инней фæсте мухури зиннун райдæдтонцæ æ поэтикон æмбурдгæндтæ куд æ маддæлон æвзагбæл, уотæ уруссаг æвзагмæ тæлмацгондæй дæр. Тæлмац ба сæ кодтонцæ тæккæ зундгонддæр æма арæхстгиндæр тæлмацгæнгутæ.

Блашка, Геуæрги, Созур æма иннæ хестæр фæлтæр дигорон æвзагбæл ци традицитæ ниуугътонцæ, уони идарддæр æ рæстæги айдагъдæр Таймурази бон бацæй кæдзосæй багъæуай кæнун æма идарддæр рахæссун.

Æвзаги æведуйгæ гъæздугдзийнæдтæй арæхстгинæй пайдагæнгæй, поэти арми бафтудæй дигорон поэзий туруса никки бæрзонддæр риндзæмæ исхъæртун кæнун. Е ба дин æ дуккаг æскъуæлхтдзийнадæ.

Æ доги дæр æма æ фæсте дæр дигоронау ка финста æма финсуй, уонæй некæма къохи бафтудæй уой æмвæзадæмæ исхезун.

Æ еу æмдзæвги æ зæрдæ Таймураз хонуй «бурдæнти æрвадæ». Æма æцæгæйдæр бурдæнау ниццæвунцæ æ рæнгъитæ кæсæги зæрдæ.

Дзæвгарæ рæстæгути Тетцой-фурти исфæлдистадон нæдтæ адтæнцæ æмирæхгæд. Адтæй уæхæн догæ æма дигорон æвзагбæл мухургонд нæбал цудæнцæ уадзимистæ, гъавтонцæ ʼй къæхти буни нинсæндунмæ, æ кой дæр куд нæбал адтайдæ, уæхæн уавæри æй исæвæрунмæ.

Фал сæ арми нæ бафтудæй, уомæн æма Таймурази хузæн патриоттæ ци адæммæ уа, уони æвзагæн зинтæй ес къæхти буни никкæнæн. Уогæ адтæй уæхæнттæ дæр, кæцитæ се ʼвзагбæл исфæлхæттæнцæ æма ибæл сæ къох исистонцæ. Таймураз уой æ сæрмæ некæд æрхаста, уомæн хъазардæр адтæй æ уоди æма е ʼсфæлдистади сæребарæ. Уой туххæй æхуæдæг уотæ финста:

*Цийййес дуйнебæл æзмæлагæй,*
*Ес син райдайæн ʼма кæрон.*
*Æнцæ цæрагæ ʼма мæлагæ,*
*Æз ба не ʼййевун мæ цæсгон.*

Е ба дин Таймурази иннæ æскъуæлхтдзийнадæ. Таймураз ци фæлгонцтæ исаразта, етæ ʼнцæ æнæбафæнзгæ. Еу гъуди æндæр еске хæццæ æмæнгæс некæд фæууй, нæ цæуй фæлхатгонд. Аййевадон фæрæзнитæй пайда кæнуй арæхстгинæй.

Хатгай поэти зæрдæ, æ фалдзос уавæрмæ кæсгæй, уотæ æрæнкъард уидæ, æ дуйне ин уотæ исунгæг уидæ æма имæ цæрун дæр нæбал цæуидæ, æ фаламбулай æнæраст нивтæ уингæй:

*Мæнæ дессаг!*
*Хатгай мæ цард куд неци*
*Листæг, нилллæг гъуддæгти ʼхсæн цæуй!*
*Сæлфунæгау, цæуй, æма мæ еци*
*Фадуат мæнбæл сæлфунæгау, кæуй.*

Фал кæд цийфæнди æнкъард æнкъарæнтæ æууелунцæ поэти зæрдæ, æ нифс бустæгидæр ниссастæй, уæддæр имæ æнæнгъæлти фæззиннуй цæрæццагдзийнадæ æма ʼй е нæ уадзуй еугур бустæги ниуугæнгмард ун. Поэт æууæндуй, æ фудæбæнттæ дзæгъæли ке нæ ʼнцæ, æ зар ескæци бони адæми зæрдити аккаг бунат ке нииййахæсдзæнæй, уобæл æма ʼй еци нифс хонуй размæ:

*Æхецæй мæ цард не ʼнсонуй,*
*Æй, æвæдзи, боз мæнæй.*
*Адæми зæрдæ, ка ʼй зонуй,*
*Мæ хæдзарæ уодзæнæй.*

Поэти размæ хонуй «рæстади рæсугъдадæ». Зин иссерæн æй Таймурази ʼсфæлдистади, рæстдзийнадæ æма адæймаги рæсугъддзийнадæбæл дзубанди кæми нæ цæуй, уæхæн æмдзæвгæ.

Цъетедон куд рæсугъд пурхæнтæй хауй дæлкоммæ рæсогæй, уотæ рæсог æй Таймуразæн дæр æ интимон лирикæ. Хаттæй-хатт æ къохи бафтуйдæ, фиццаг бакастæй æргомæй дзорæн дæр кæбæл не ʼнгъезуй, айдагъдæр адæймаг æхе медуод сосæггай заргæй, исгъæр кæнунæй дæр тæрсгæ кæмæй фæккæнуй, уæхæн æнкъарæнтæ адæми размæ рахæссун. Уомæ гæсгæ ʼнцæ зæрдæмæгъаргæ æма гъудитæбæл æфтауæг:

*Ду дæ тухгин. Уæлдай дин нæй:*
*Фæнди мæ фарсмæ уай æноси,*
*Фæнди идарди уай мæнæй,*
*Мæ уарзт, мæ маст æма мæ уосæ.*

***

*Уати не ʼмисис ду мæ ба,*
*Кæнгæй, ратолæ ʼма батолæ.*
*Нæ дин нинхъирдтæ уй дæ баз,*
*Не ʼсуй сурх дæр дæ уорс уадолæ.*

Кæд цийфæнди æфхуæрди бунати байзайуй лирикон архайæг, кæд ибæл фæливдæй цæуй æ уарзон, уæддæр ин фуддзийнадæ ба æ зæрдæ нæ зæгъуй, фæндуй æй, цæмæй амондгун уа. Уæлдæр куд загътон, уотемæй Таймурази лирикæ ʼй æнæбафæнзгæ. Фулдæр хатт айдагъ æмдзæвги нæ, фал еунæг рæнгъи дæр æ бон бауидæ æнæгъæнæ нивæ равдесун.

Таймураз адтæй Фидибæсти Устур тугъди архайæг. Уомæ гæсгæ ба имæ дзæвгарæ финст ес æмдзæвгитæ тугъдон тематикæбæл. Айдагъдæр еци уæззау нæдтæбæл ка рацæуа, еци тæссаг уавæртæ æхе удбæл ка бавзара, уой бон бауодзæнæй мæнæ ауæхæн рæнгъитæ ниффинсун:

*Мæ уæлахези фидибæсти*
*Фур берæ уарзун æз, дæуау.*
*Æма æ сæрбæл, багъæуаги*
*Фуртау уодзæнæн сæрбæлтау.*

Цæмæдесаг мæнмæ кæсуй æмдзæвгæ «Гæр?!»

Æфсæддон тугъди туфули, æ тог æнæвгъауæй калгæй, алкæддæр даруй æ уарзон кизги сорæт æ зæрдæбæл. Уой нифсæй лæгæмпурсти цæуй размæ... Æма ци? Кизгæ нæ бангъæлмæ кастæй æ тугъдони иссудмæ. Поэт ин бостæхузæй уайдзæфгæнæгау зæгъуй:

*Гæр, æз тугъди байзадтæн æгасæй,*
*Куд фæммардтæн дæ зæрди уæд æз.*

Таймурази ʼсфæлдистади аккаг бунат ахæссуй юмор æма сатирæ. «Цæрттæ есæг», «Еу тукангæс», «Лектор Алсахъ», æма иннæ æмдзæвгити раги иссæнцæ адæмон сæ æцæгдзийнадæ æма адæмондзийнадæй. Поэт хормæ рахаста, ескæ хъиамæтæй цæрæнбонти бохъцард ка фæккодта, адæм фонсбæл ка нимадта, исхецау уогæй, уæхæнтти зæрдиуагæ.

– Зин æй мæнгард æма фæливд доги цæрун, еугæрдæр дуйнемæ поэтæй æрцудтæ, уæдта си рæстуодæй цæрун гъæуй, адæми сагъæс дæ мæтæ куд уа, сæ хуарздзийнадæбæл син зæрдæй цийнæ кæнунгъон куд уай, уæхæн уæвун гъæуй, – еци гъуди ахид æмбæлуй Таймурази уадзимисти.

Таймураз ци поэмитæ исфæлдиста, уони еу хай баст æй, царди æцæг цаути хæццæ. Поэти къохи бафтудæй зингæ революционертæ Къолойти Кудзи, Гибизти Дебола, Цæголти Геуæрги æма иннети сорæттæ æнхæстæй равдесун. Багъæрати Созур æма Малити Геуæргий тухæй ци поэмитæ ниффинста, уонæн ба исхонæн ес поэми медмонологтæ. Уони хæццæ дзоргæй, поэт æнхæстæй равдиста æ цæстингас дуйнемæ. Уомæ гæсгæ сæ ахедундзийнадæ æй бæрзонд. Таймураз æ къох не ʼсиста адæмон исфæлдистадæбæл дæр.

Цалинмæ æхе лæдæрунгъон адтæй Таймураз, цалинмæ ʼй нез æ хуссæнмæ не ʼркодта, уæдмæ поэт еунæг усмæ дæр

æ къох не 'систа поэзибæл. Æ фæстаг уолæфти уæнгæ дæр æ зæрди тæгтæй баст адтæй поэзий хæццæ æма ин æнтæсгæ дæр уомæн уойбæрцæ бакодта. Æхе фæд, æхе къахнад исаразта Таймураз, æма ибæл рæстудæй цудæй размæ дæр. Еци къахнадæн фейиевдзигæнæн неке хæццæ ес. Уой тухæй æхуæдæг уотæ финста:

*Æз Хуцау мæхецæй нæ аразун,*
*Фал еске дæлмусмæ нæ лæсун.*
*Мæн фæндуй Тетцойти Таймураз ун*
*'Ма Тетцойти Таймураз исун.*

Таймураз æ Дигорæ ци уарзтæй уарзта, уой æхецæй айиевдæр ка гъæуама бавдистайдæ:

*Зин мин æй де 'ной, Дигорæ,*
*Æнæ мадæ рист фуртау.*
*Стонг сабиййау дæу агорун*
*Гъар æхсири исхъуртау.*
*Цæрæ мин царду, Дигорæ,*
*Æнæмæлгæ уо алкæд.*

Таймурази æз бафæсмардтон, студент ма ку адтæн, еци æнзти. Уæдæй æ рамæлæти бонмæ нæбал фæххецæн ан кæрæдземæй. Æ хæццæ еумæ дæр ракустон еу анзи бæрцæ Горæтгæрон районы газет «Ленини туруса»-й тæлмацгæнæгæй дæр. Бадгæ дæр кодтан еу къæбинети æма мин рæстæг адтæй Таймурази аллирдигæй дæр лæмбунæг базонунмæ. Æз берæ хæттити æвдесæн адтæн, поэт е 'мдзæвгитæбæл куд куста, уомæн.

Зин иссерæн адтæй Таймурази хузæн æнæхийнæ адæймаг, алкæддæр æма алкæбæлдæр æма алцæбæлдæр сувæллонау æуулæндтæй. Æхуæдæг куд рæстзæрдæ адтæй, иннети дæр уæхæн уоди хецæуттæ æнгъалдта æма, гъулæггагæн, хъæбæр берæ хæттити, æ лимæнтæ ке æнгъалдта, уонæй фудæнгъæл фæууидæ. Еци рæстæг æ зæрдæ уотæ исунгæг уидæ æма сабийау æ цæститæ дони разелидæ. Фæстæдæр журнал «Ирæф»-мæ ку æрбайиивтон косунмæ, уæддæр не 'мбæлдтитæ минкъийдæр нæ фæцæнцæ. Ахид ин байхæс кæнианæ еске æмдзæвгитæмæ æркæсун, æрмæст ами ба адтæй æнæхатир, фæливдадæ уæлæнгай рахаст некæмæн хатир кодта. «Поэзий фæстæмæ къохтæй косæн нæййес», – зæгъгæ, уидæ æ хатдзæг. Е дæр æцæг поэти менеуæг æй.

Фæстагмæ ку æруатон æй, уæддæр мæмæ телефонæй ахид æрбадзоридæ: «Гæлæхха, биццеу, Энвери хæццæ мæмæ æрбацæуайтæ, хъæбæр мæ фæндуй уæ фæууинун», – ниллигъстæ кæнидæ Таймураз.

Гъулæггагæн, зæрдитæ ин байвæринæ, цæун ба мæ арми нæ бафтудæй. Уобæл ма абони дæр фæсмон бæргæ кæнун, фал... Хуцау æ зонæг, ци зæгъун адтæй æ зæрди, ци ма нин фæдзæхсуйнаг адтæй... Ехх, фæсмон, – æрæгиау фæсмон!..

*Фал дæхецæн фурт агорæг*
*Макæддæр фæццо, макæд.*

***

*Мæн ме 'гади ниллæхорæ,*
*Скæнæ де 'лгъистæ ме 'ккой...*
*Зин дин уодзæнæй, Дигорæ,*
*Зин дин уодзæнæй, ме 'ной.*

Раст дæ, Поэт! Махæн, дæ фæдонтæн хъæбæр зин æй æнæ дæуæй, Таймураз. Кæд нæ къохи еститæ æфтуйуй, уæд уоми, æнæмæнгæ, дæу устур байвæрд дæр ес, куд нæ хестæр, не 'мгæрæ æма нæ бафæнзуйнаг поэт, уотæ!

**ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗÆН**

*Таймураз, æрæфтудтæ мæ зæрди,*
*Нæ финдздзæуæг æма нæ дзæгъæл.*
*Нæ нифсдæттæг æма нæ лæгæрдæг,*
*Кæмæ кастан æноси æнгъæл.*

*Æлвасуй содзгæ маст зæрди тæгтæ,*
*Æвæрсгæй, æгъзæлуй цæстисуг.*
*Куд хъæбæр нæ гъæуис, ду, нуртæккæ,*
*Нæ разиуай æма нæ мæсуг.*

*Хуарзæнхитæй идзаг нæ æмбæлттæ,*
*Дæуæн ба æнимадæ дæ ном.*
*Ду кадæмæ æппун некæд бæлдтæ,*
*Дæ кадæ ба адтæй æгæрон.*

*Ду уарзтай æрмæстдæр лæгдзийнадæ,*
*Æзнæгтæн нæ кумдтай æмпулун.*
*Еске фаун – дæуæн дæ зийнадæ.*
*Хуарзбæл ба рæстзæрдæй æхцул ун.*

*Фаути нихмæ федар ислæууисæ,*
*Тæнуод адæм дæ ниндæ, дæ рун.*
*Æнæбонæй хатгай никкæуисæ,*
*Нæ бæлсгæй, фæливдадæ æппун.*

*Кæд дин адтæй æнцад цæрунвæдгæ,*
*Æлхъивд адтæй æноси дæ дзурд.*
*Бæрæг æнцæ уæддæр дæ къахвæдтæ,*
*Поэзий бæрæг æй дæ рацуд.*

*Нур дæ цори лæугæй, æдзæллагæй,*
*Дæ уæлцирт хебæраги кæун.*
*Фæррохсаг уо, Таму, фæррохсаг уо,*
*Нæ рæстзæрдæ æма нæ æрхун...*



Таймураз æ бийнонти хæццæ (рагон къарæ).

# «ЛÆГДЗИЙНАДÆ ЦАРДИ БАЙРÆЗТИ ГЪÆУЙ АЛКÆД, КУД ХУÆРЗАГ...»




***

Ка загъта мин, æрмæстдæр тугъди
Лæгдзийнади сæр гъæуй?
Сабур цард ба æ хуæздæр скъухти
Æнæ уой цума цæуй?

Лæгдзийнадæ царди байрæзти
Гъæуй алкæд, куд хуæрзаг
Арф уедагæ – толдзи къабæзти,
Куд уйнаг хуари муггаг.

Е гъæуй нæ æнæ бадзурдæй,
Куд хуймони – æ готон,
Куд цæргæси – федар базуртæ,
Догъиуайæги – догъон.

Лæгдзийнадæ рæстдзийнадæбæл
Æнæ адæмон тугъдæй
Бацæуидæ содзгæ артмæ дæр,
Содзгæ арти дæр сугъдæй!

Фуддзийнади сайд фæлхæтæнтæбæл
Еузæрдон уни фæлтау
Лæгдзийнадæ ауиндзæнтæбæл
Кодта ауигъдæй хъеллау.

Ка не 'ндеуй рæстдзийнадæбæл
Хъипп кæнун дæр, хъипп, гъеуой
Неци хузи, неци адæбæл
Тугъд искæндзæнæй герой!

## МАДÆ

Мæ авдæнæмæ мин буллатæ,
Æркъолæ кæнгæй, зардта,
Кодта мин уарзгæ фæлмæн батæ,
Æ гъар гъæбеси мæ дардта.

Мæхе никкудмæ искæуидæ,
Уæддæр мæ некæд ниццавта.
Хатгай нæ уат уазал ку уидæ
Æ коми тулфæй мæ тавта...

Цубур хæлаф, сæнтцъæх хæдонæ
Нæ алли маймæ мин худта.
Харбуз афони мæ еу бонæ
Сæумæ скъоламæ фæххудта...

Ку 'рбадионцæ нæ кæркитæ
Изæрæй 'фтауæн гъæдтæбæл,
Уæд мин тауæрæхътæ кæнидæ
Октябри тохæг лæгтæбæл...

Тугъди фестидæ, цид, мæ рази,
Æ каст мæнæн мæ зин сурдта.
«Ку дæн, мæ фурт, дæуæй арази,
Фесафæ знаги», е дзурдта.

Сæумæй, хæрсæмæ рафецаугæй,
Æ мæгурзæрдæй уидæ 'нгъæл,
Цохъай думæггæгтæ фелаугæ,
Цума фæззиндзæнæн бæхбæл...

Æза гъæугони нæ, æд кадæ
Атаки арти æнæтас
Цудтæн, цæмæй цæра мæ мадæ,
Уа мин берæ 'нзти сæрæгас!

## МАДДÆЛОН ДЗУРД

Кæд, миййаг, æ байергъæв кæнунмæ
истудта хуæнхти къæйтæ Ирæф?
Кæд, миййаг, æ тæрегъæд кæунмæ
æй гъеуотæ фурсатæг уæлдæф?

Е кæддæр баргин хъали хумгæнди
æ зинæй никкæуидæ уарзтау,
ку фуддзард ниссæттуни стур фæндæ,
рохсдзинадау, мæгурмæ хаста.

Ку æ хъур цæстисугтæй идзагæй
æрвиста æзнæгтæмæ азар,
ку нæрдтæй киндзæхсæвти цъæхснагæй,
ку ризтæй æ фурцийнæй æ зар.

Искодта дессаг зартæ æносмæ
зунд æма айиевадæй æнхæст,
фал игъустæй æрмæст гъосæй-гъосмæ,
фал цудæй цъухæй-цъухмæ æрмæст.

Кæд нæ дзурд æносей æнгарæ 'й,
сабийау иразагæ 'й, уæддæр
Уоми æй мæ адæми æфсарæ,
мæ адæми циргъ зунди къæсæр.

Уоми æй адæмон зæрдиуагæ
æд уарзтадæ, æд цийнæ, æд маст.
Маддæлон дзурд мæнæн адæймаг æй.
Адæймаг æд æхсарæ, æд уарзт!

Азæлæд мæ хуæнхбæсти, мæ фæзти.
Æ зундбæл ин кæнæнтæ стур дес.
Æнæ уой мин нæййес фидибæстæ,
ниййерæг адæм дæр мин нæййес!

## ЗАР

Зудтон æз тохти еунæг зар:
Фæнди хор бон, фæнди мæйдар,
Фæнди метуард, фæнди лæкъæрди,
Цума ме 'мтохæг къæмиссар
Сидтæй мæ разæй ма мæ зæрди

Сурдта мæ тас æма фæллад.
Цæфау ку 'рхауинæ уæлнад,
Уæд мæ исесидæ фæдесмæ.
Цума мæхе рæнгъаг салдат,
Цудæй мæ фарсмæ уæлахезмæ.

Æз еци зарбæл æууæндтæн.
Фæтæг скодтон си мæ фæндтæн.
Худта мæ 'рмæст сгухтæй æсгухтмæ.
Мæ еци зар дæ нур мæнæн.



**Нæ рагфидтæлти фæдзæхститæй:**
***«Еу лæг судæй мардæй, иннæ лæг ба ин æ рони кæрдзин агурдта…»***
***«Ка уарзуй, уарзгæ дæр уой кæнунцæ!..»***



## НÆ ДЗИЛЛИ УАРЗОН ЗАРТИ КАРНÆ



# «ДУЙНЕЙ РÆСУГЪД – ТАУКЕ...»

***Иристони, баруагæс уи уæд, ефстаг адæймæгутæ разиндзæнæй, уой дæр нури æригон фæлтæртæй, бæстирæсугъд Таукей туххæй зæрдæмæдзæугæ зар ка нæ фегъустайдæ. Уогæ, æвæдзи, разиндзæнæй уæхæнттæ дæр, æма аци зар берæ уарзунцæ, фал, ке туххæй æй, еци Тауке ка адтæй, уой ба бæлвурдæй нæ зондзæнæнцæ. Уой туххæй ци хабæрттæ ес, уонæй еу разиндтæй зундгонд таурæхъгæнæг Хъайттати Хъайтмæрзай исфæлдистадон архиви, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæй дæр кæмидæрти æ кой адтæй. Æма ‘й мах дæр абони мухур кæнæн, зари дууæ хузей (иронау æма дигоронау) хæццæ.***

***

Фæлтæртæ-фæлтæрти æййевунцæ, æнзтæ-æнзти фæдбæл уайунцæ, фал Таукей зар нæ зæронд кæнуй. Уарзунцæ ‘й закъæгин зæрæндтæ æма фæсевæд дæр.

Уарзгæ ‘й кæнунцæ, фал ка адтæй, уой беретæ нæ зонунцæ. Уæдта Таукей туххæй фидæй-фуртмæ ци кадæнгитæ цæуй, етæ дæр еуæй-еуетæй фæстæмæ зундгонд некæмæн æнцæ. Уомæ гæсгæ мæн фæндуй Таукей таурæхътæй еуей туххæй радзорун. Фегъустон æй Басати зæронд Доккейæй.

Раги, хъæбæр раги æрцудæнцæ аци хабæрттæ. Уотæ раги адтæнцæ, æма нуртæккæ Цæликки будур ке хонунцæ, е адтæй толдзæ гъæдæй æмбæрзт. Еу устур æрдози цардæнцæ Мамсуратæ. Сæ алливарс зæнхитæн хецæуттæ сæхуæдтæ адтæнцæ. Сæ гъæздугдзийнæдтæмæ берæ хицæгæнгутæ адтæй. Сæ игуæрдæнтæ æма сæ фонси æргъæуттæбæл цæстæ нæ хуæстæй. Авд æнсувæри гъæди астæу уæхæн æддæгуæлехæдзарæ исаразтонцæ, æма идардмæ æрттивдтитæ калдта.

Берæ хæтæнти хаттæнцæ Мамсурати æнсувæртæ, берæ цæуæнти рацудæнцæ. Æма алли хатт дæр фæстæмæ æрæздæхгæй устур лæвæрттæ æрхæссиуонцæ сæ еунæг хуæрæ Таукейæн. Рæсугъд, гурведауцæ кизгæ адтæй е. Алкæддæр бадтæй уæллаг уæладзуги. Æма æнгъæлмæ кастæй, е ‘нсувæртæ балцийæй кæд æрæздæхдзæнæнцæ, уомæ.

Сагсор æнсувæртæ æмхузонæй дæр сæ тæккæ лæхъуæнти кари бацудæнцæ, фал сæ еуемæн дæр бийнонтæ нæма адтæй æма исфæндæ кодтонцæ сæ хестæр Цæликкæн уосæ ракорун. Сæ минæвæрттæ рарвистонцæ Дæллаггъæумæ, æма фæстæмæ аразий дзуаппи хæццæ æрбаздахтæнцæ. Куд нæ исрæвдзæ кодтайуонцæ сæхе æнсувæртæ. Киндзæхсæвæрмæ ма цалдæр бони ку гъудæй, уæд сæ гъостæбæл æрцудæй æнæнгъæлæги хабар: сæ нæуæг каййестæ сæ кизги нæбал дæттунцæ. Мамсуратæбæл кадæр хахур бакодта æма Дæллаггъæу сæ фæндæ раййивтонцæ.

Еци гъуддаг Мамсуратæмæ гъулæг куд нæ фæккастайдæ. Сæ бæхтæбæл сæргътæ райвардтонцæ æма лæборæг рандæнцæ. Цидæриддæр адтæй, уæддæр сæ къохи бафтудæй сæ киндзи байсун æма ‘й сæхемæ æрбалæуун кодтонцæ.

Цудæнцæ бæнттæ, фал киндзи æнсувæртæ се ‘фхуæрд не ‘ронх кодтонцæ. Еу рæстæги сæ бæхтæбæл сæхе æрбайстонцæ Мамсурати ‘рдæмæ. Еу рауæн гъæдрæбун исæмбалдæнцæ авд æнсувæри фиййаубæл æма имæ бартхъерæн кодтонцæ. Мамсурати Тауке кæми цæруй, уæдта ‘й куд фæууинæн ес, уой ку нæ зæгъай, уæд дæ рамардзинан, зæгъгæ. Фиййауæн дæр гæнæн нæбал адтæй æма син хабæрттæ еугурæйдæр радзурдта:

– Дæлæ мæ фонси астæу еу урс фус ес. Уомæй фулдæр неке уарзуй æнæгъæнæ дзоги ‘хсæн. Алли сæумæ дæр æма алли изæр дæр æрдоцун æма ин е ‘хсир бахæссун Таукейæн. Æз къæртамæ ку фæцæйцæуон, уæд мæ гъæуай кæнетæ æма фæууиндзинайтæ, бæстирæсугъд кæми бадуй, уой.

Дæллаггъæуккаг æнсувæрти дæр ма уомæй хуæздæр ци гъудæй. Æцæг æнгъæлмæ кастæнцæ, æнсувæртæ бабæй хæтæни кæд рандæ уодзæнæнцæ, уомæ. Куддæр Мамсуратæ балций рандæнцæ, уотæ бампурстонцæ сæ хæдзарæмæ æма Таукей рахастонцæ. Гъæумæ ку ‘рбаздахтæнцæ, уæд æй сæ мадæ ци уати адтæй, уордæмæ бакодтонцæ. Кизгæ хабар ку балæдæрдтæй, уæд айтæ-уойтæ нæбал фæккодта. Фал зæронд уоси реумæ фæллæбурдта æма ин æ дзедзейæй фегъæстæ ‘й. Уæд мадæ æ фурттæмæ фæдздзурдта æма син загъта, абонæй фæстæмæ Тауке сæ хуæрæ ке уодзæнæй, уой. Ци гæнæн ма адтæй æнсувæртæн дæр, æма се ‘скъæфт кизгæй сæхецæн хуæрæ загътонцæ.

Авд анзей дæргъи Тауке æ нæуæг æнсувæртæмæ хъани цард фæккодта, уæдта ‘й Дæллаггъæу хъазар хунти хæццæ Мамсуратæмæ фæххудтонцæ.

Æнсувæртæ хъæбæр фæццийнæ кодтонцæ сæ хуæри раздæхтбæл. Дæллаггъæуи хæццæ ке бафедудтонцæ, уой туххæй ба устур кувд исаразтонцæ.

Рæстæг цудæй. Таукей коргутæ бонæй-бонмæ фулдæр кодтонцæ, фал си æхецæн исаккаг кодта курттатаг Узегати лæхъуæни, æма ‘й дæтгæ дæр ракодтонцæ уомæн. Хуæрзæгъдау силгоймагæй равдиста е æхе æ нæуæг хæдзари.

Узеги-фурт хæтæг лæг адтæй. Ахид цудæй балцити. Мадта ин æхемæ дæр берæ хæттити æрфусун кæниуонцæ. Лимæнтæ дардта кæсгон æлдæрттæй. Еу рæстæги имæ иуазæгуати адтæй кæсгон æлдар. Æ зæрдæмæ фæццудæй Таукей хуæрзæгъдаудзийнадæ æма ‘й бафæндадтæй, æ кизгæ уонæмæ куд гъомбæл кодтайдæ, е. Æма, æцæгæйдæр, æлдар фæстæдæр æ кизги Узегатæмæ исæрвиста хъани.

Тауке æлдари кизги ахур кодта хуарз æгъдæуттæбæл. Кизгæбæл авд анзи ку рацудæй, уæд æй берæ лæвæртти хæццæ ниххудтонцæ Кæсæгмæ. Сæ хæццæ рандæй Тауке дæр. Фæстæмæ ку ‘здахтæй, уæд ин æ фусунтæ искодтонцæ устур лæвæрттæ. Тæккæ кадгиндæр ба адтæй кæсгон æхсини Тауке ке исхудтонцæ, е. Фæстæдæр адæм номи рæсугъддзийнадæбæл зар искодтонцæ. Цæйбæрцæдæр рæстæг ку рацæуа, уæддæр азæлдзæнæй Иристони зæнхæбæл. Уомæн æма Таукей зар айдагъ рæсугъддзийнадæбæл нæй. Е æй силгоймаги кадæ æма намусбæл дзорæг æносон кадæнгæ дæр.

### ТАУЫЧЕ

Рæсугъд æфсин, Тауыче,
Ой, уæрæйдæ, Тауыче,
Худгæбылтæ Тауыче,
Ой, уæрæйдæ, Тауыче.

Нарæгастæу Тауыче,
Ой, уæрирæ, Тауыче!
Нанайы чызг Тауыче,
Ой, рирæ-рирæ, Тауыче.

Фæлмæнзæрдæ, Тауыче,
Уæй, уæрæйдæ, Тауыче!
Цыллæдзыкку Тауыче,
Уæй, уæрæйдæ, Тауыче.
Уæ саурæсугъд Тауыче.
Ой, рирæ-рирæ, Тауыче.
Уæ сауæрфыг Тауыче,
Ой, рирæ-рирæ, Тауыче.
Тасгæ-уасгæ рацæуы,
Уæй, уæрæйдæ, Тауыче.
Денджызы хъазау Тауыче,
Уæй, уæрæйдæ, Тауыче
Нарæгастæу Тауыче,
Ой, рирæ-рирæ, Тауыче,
Уæ сауæрфыг Тауыче,
Ой, рирæ-рирæ, Тауыче.

### ТАУКЕЙ ЗАР

Дуйней рæсугъд – Тауке,
Бæрзонд тæрних – Тауке,
Къæлæт æрфуг – Тауке,
Ходгæ цæстæ – Тауке,
Даргъ тæфалæ – Тауке,
Цæргæс æмвиндз – Тауке,
Сурх уадолæ – Тауке,
Фæрдуг билæ – Тауке,
Орс дæндаг дæр – Тауке,
Сау дæндаг дæр – Тауке,
Аййев цæггъос – Тауке,
Хъун-хъул дзигко – Тауке,
Орс дæллагхъур – Тауке,
Хъазæ хъургин – Тауке,
Дæргъæлвасæй – Тауке,
Нарæг астæу – Тауке,
Гурведауцæ – Тауке,
Тасæ-уасæй – Тауке,
Сергæ цæуй Тауке,
Ходгæ дзоруй – Тауке,
Адæм-лимæн – Тауке,
Кадгин уод æй Тауке,
Лæги кадæ – Тауке,
Кади ходæ – Тауке,
Бæстæбæл хуарз – Тауке,
Берæ цæрæд – Тауке.

*Радзурдта æй Гарданти Хъайтухъи фурт Бæрег – 1921 анзи 27 январи, Киристонгъæуи. Ниффинста ‘й Гарданти Михал.*



Дигорæ
Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн. Уагъд цæуй мæйæ еу хатт.
Æ дзуапдæттæг редактортæ ГÆТИЙТИ Светланæ æма ГИБИЗТИ Риагинæ.
Редакций адрес: 362015, сахар Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, мухури Хæдзарæ, 6-аг уæладзуг, тел. 25-22-56.